Iye Ane Hanyn'a.
Iwe Une Hanyn'a Here?

Maita basa, Hama. Ngatirambei takamira kwechinguvana zvino tinamate. Zvino takakotamisa misoro yedu, pane here chikumbiro chataurwa, kana chaziviswa nokungosimudza ruwoko rwako, kana ukangosimudza ruwoko rwako saizvozvi, ndizvo, ingobata chikumbiro chako zvino.

2 Baba vedu voKudenga, tinouya kwaMuri zvakare, nezvikumbiro izvi zviri . . . vane mawoko avo akasimudzwa mudenga. Uye vane zvishuwo mangwanani ano, Ishe, zvezvinhu zvakawanda. Imi munoziva zvavari kufunga mumoyo yavo, nokuti Muri Shoko, uye Shoko Munzveri wepfungwa nezvido zvemoyo. Uye ndinoKukumbirai, Mwari vane Nyasha Hurusa, kuti Muchapindura mumwe nomumwe wavo zviri maererano nezvishuwo zvavo, tichiziva izvi, kuti Muchazviita zviri maererano nokutenda kwavo. Tipeiwo kutenda patiri kutaura Shoko reNyu zvino, Ishe, dai Rikaunza kutenda kwavari. Ndibatsireiwo kuti nditaure Shoko reNyu, nokuti Shoko reNyu iChokwadi, kuti Rigounza kutenda kunopa mhinduro kuzvikumbiro izvi. Uyezve panogona kunge paine vamwe pano, Ishe, vatetereka vachibva panzira nhete iyi, vasiri kufamba muChokwadi chemugwara. Tinonamata, Baba, kuti chimwe chinhu chigoitwa nhasi, uye chigoziviswa, kuti vagodzoka nokukasika mugwara rokuyanana naKristu zvakare. Mazuva ave kuenda achipera, kuipa kwave kwese-kwese, pave nekuwa kukuru. Uye tinonamata, Baba, kuti Imi Muchazvizivisa kwatiri nhasi uno, nokupodza varwere vari pakati pedu, nokuita minana. Kwete kuti Munofanira kuzviita, Ishe, kutiita kuti tizive kuti Muri Mwari, asi nokuti Makavimbisa kuzviita. Uye tinoziva kuti Muchatipa vimbiso dzeNyu kana tikangodzitenda chete uye nokuziva kuti ndedzechokwadi. Tinokumbira mafevha aya nemuZita raJesu Kristu. Ameni. (Garai henyu pasi.)

3 Ndanga ndiri kungotora chinguva chishoma kuti ndiverenge zvimwe zvikumbiro zvakaradzikwa pano, pane zviviri kana zvitatu, chimwe chazvo chikumbiro chemunamato. Nokuti, pane mahengechepfu akawanda akaradzikwa pano ayo atingafarira ku—kuanamatira nenguva shoma, patinonzwa kuti Hupo hweMweya Mutsvene wa—wasvika panhongonyn'a yaHwo. Ndipo pandinoedza kunamatira izvi, kana ungano yose, zvose zvazodzwa neHupo hwaKe.

4 Tine urombo zvikuru ku—kunetsa, pane vakawanda vakamira, uye hapana nzvimbo yokuti vagare pasi. Uye—uye rino izuva remamiriro ekunze kunopisa apo kunenge kopisisa,

tine hunyoro hunenge zvikamu zana kubva muzana pamwe kuda nezana remadhigirii okupisa, nokudaro kune mweya wakanyorova pamwe nokupisa.

5 Ndapira mangwanani ano kuti ive shumiro yokupodzwa kwevarwere, kana kuti kwete. . . Chikonzero ndichiiti shumiro "yekupodzwa", nokuti ndinoisa kutenda kwangu mune zvaAkavimbisa. Maona? Zvino, handikwanise kutaura kuti Achazviita, asi ndinotenda mushure mokunzwa Shoko raKe uye nokuisa kutenda kwedu pane zvaAkavimbisa, zvadaro tine kodzero yekusuma vimbiso dzake dzokupodza, sezvatinongoitawo vimbiso dzaKe dzeruponiso.

6 Zvikumbiro izvi zvakati kuti. Handizivi kana vabatidza marekodha kuitira izvi, kana kuti kwete. Zvinogona kunge zvakanaka. Saka, ndinofunga kuti zvakanaka kune vekunze, veruzhinji kuti vanzwe izvi, ichi chikumbiro.

Makaporofita here kuti kuchava nevechitema mi—miriyoni vachaurayiwa pa. . . kana kuti makangopa chiziviso chokuti pachazova nezvakadai zvichaitika?

7 Zvino, muri kuona, ndagara nguva dzose ndichikukumbirai kuti mungwarire zvamunoteerera. Maona? Pane zvakawanda zvazvo zvinongori kudivi remunhu. Asi nguva dzose kana pane chinenge chaitika, chinozvitaura, "IZVANZI NAJEHOVHA," kunyange kuzviratidzo kana chii hacho. Zviratidzo papuratifomu, muungano, ndimi muri kuzviita pachenyu; havasi Mwari, ndimi. Maona? Mwari havaunze chiratidzo ichocho, ndimi munozviita pachenyu, nokutenda kwenyu muchipo chaMwari.

8 Semudzimai akabata hanzu yaKe, Akanga asingazive kuti mudzimai uyu aive ani uye kuti aiva nedambudziko rakaita sei, asi mudzimai ndiye akazviita pachake. Maona? Zvino, yakanga isiri ZVANZI NAJEHOVHA. Yaive ZVANZI NAJEHOVHA Jesu paakataura ndokumuudza kuti kutenda kwake kwakange kwamuponesa. Asi, munoona, unofanira kutarisa.

9 Kwete, ndakanga ndiri kungotaura nezvaMartin Luther King, pamhirizhonga iri kuitwa kuMaodzanyemba, ne—navanhu vatema. Ndakati, "Dai vanhu ava vanga vari varanda, ndaitora kereke yangu zvino ndoenda zasi kunobatsira vanhu ava kuti vabude muhuranda." Zvirokwazvo ndaizviita, nokuti munhu ndiye anoita varanda, kwete Mwari. Tose tiri ropa rimwe chete. Tose takabva pamuti mumwe chete, uye kubva panaAdhama. Mwari, neropa rimwe, vakagadzira marudzi ose. Uye zvisinei isu, ruvara rwedu nderwebrown, kana rwutema, kana yellow, kana rwutsvuku, kana chero zvarwungave, tose tiri zvisikwa zvaSamasimba, munoona, uye hapafanire kuve nemutsauko matiri.

10 Nyaya iripo zasi uko ndeye "kusiyaniswa kwezvikoro nokuda kweganda." Zvino, ndaivepo pakumukira hurumende

kwepakutanga, uye ndakazvinzwa, uye ndi—ndinoziva zvandiri kutaura. Vanhu vatema vane zvikoro zvakanaka, pane dzimwe nguva zviri nani kwazvo kutodarika zvimwe zvikoro. Uye, semuenzaniso, muShreveport vane zvikoro zvakanakisa kudarika zvakaita zvikoro zvevachena. Asi ipfungwa yemumwe munhu ari kuvafemera kuti vanofanira kuenda vonosangana pamwe chete. Izvo, zvandinofunga kuti zvinenge zvakanaka, asi vanhu vakaramba vachizvirwisa, vanhu vekuzasi, zvadaro zvinoita mutsauko wei zvino?

11 Ndinofunga kuti Martin Luther King uyu akafemerwa nechiCommunist, izvo zvichatungamira kuda miriyoni yevanhu mumuteyo chaiwo werufu. Maona? Handisi kuti Ishe vakandiudza izvozvo. "Ini" ndinotenda, munoona. Uye ndinotenda kuti hazvifanire kuitwa. Ndinofunga kuti vanhu vanofanira kunge vari Makristu zvino vocherechedzana sehama. Uye, asi ndinofunga nokuda kwekungoti . . .

12 United States ino, hurumende ino zvino inondiudza kuti handikwanise kana kumbosaina cheki iyo—iyo yaka . . . yandakapiwa ini pachangu. Maona? Ikodzero dziri mubumbiro remutemo dzandakatorerwa, asi chii chandinogona kuita pamusoro pazvo? Kungoenderera mberi, ndizvo zvoga. Maona? Zvino inofanira kupfuura nemune humwe hurongwa ndisati ini semugari wemuUnited States ndatora mari iri pairi, inofanira kuuya nemukereke muno, handikwanise kutora iri pairi. Maona? Zvino izvozvo hazvina kunaka. Zvinopesana nebumbiro remutemo. Asi chii—chii chandingagona kuita pamusoro pazvo? Hapana chiripo. Uyu muteresi ari zasi uku ndiye akandiudza kuti handikwanise kuzviita, saka, ko, hezvoka izvo. Kana zviri izvo, ko zvaita sei. Saka kungozvirega zvakadaro.

13 Ndinofunga chinofanira kunge chiri chinhu chimwe chete, icho avo . . . kuti hama nehanzvadzi dzangu dzechitema kuMawodzanyemba havafanire kumukira hama dzavo nezvimwe pamusoro pechinhu chiduku chakadaro. Ini zvangu, zvinoita mutsauko wei kuti waenda kuchikoro *kupi* kana kuti *kwakadini*? Ndakaona mudzimai wechitema akanaka mangwanani aya pavai . . . pavakava nemhirizhonga uko kuShreveport, zvino akanga ari mumwe mushumiri mutana wechitema akaramba achiudza mauto, akati, "Regai nditaure navo." Zvino akanga ari mutana ane humwari, zvino akamira ipapo zvino ndokuti, "Handina kumbobvira ndambonyara neruvara rwangu." Akati, "Musiki wangu ndiye akandiita zvandiri, uye handina kumbobvira ndambonyara nazvo, asi, kusvikira mangwanani ano." Asi ndokuti, "Pandinokuonai, vanhu vangu, muchiita saizvozvi," ndokuti, "zvadaro ndinonyara kuva munhu mutema." Ipapo vakadana mauto, ndokumusveeredza.

14 Zvino mumwe mudzimai wechitema akanaka, akadzidza, airatidzika zvakanaka akasimuka, nehungwaru, ini zvangu, huri

pamusoro-soro. Akati, "Chokutanga, handidi kuti vana vangu vadzidziswe nemudzimai wechichena."

Ndokuti, "Sei?"

15 Akati, "Nokuti haazombova nehanyn'a nevana vangu iyo wangu. . . mudzidzisi wechitema angaita." Zvino akati, "Tarirai zvikoro zvedu kuno uku. Ko muri kudanidzira nezveiko?" Akati, "Tine matuhwino nezvose muzvikoro zvedu, zvino ivo havana iko uko." Akati, "Zvino, ko imi vanhu muri kudanidzireiko?" Zvino vakamusveeredza, munoona.

16 Zvakafemerwa nechinhu chisiri icho, muri kuona, munoona, ivo, vanhu ava. Uye ndicho chikonzero ndichitaura kudaro, kwete kuti pane chimwe—chimwe chiporofita maererano nezvazvo. Handina chandinacho pazviri chakabva kunaShe. Uye ivai nechokwadi zvino, kana ndikataura chimwe chinhu chabva kunaShe saizvozvo, kuti ndikuudzei, zvinogara nguva dzose. . . Ndiri kutaura zvino. Asi kana Ataura, ndinoti "Handini, IZVANZI NAJEHOVHA." Uye handikwanise kuzvitaura kusvikira Anditaurira. Ndinogona kunge ndakakanganisa zvachose papfungwa dzangu pamusoro paMartin Luther King. Handizive, hapana chandinogona kutaura. Anongori maonero angu. Chinhu chose chinomutsa dambudziko, ndizvo zvazvinofanira kuva mumazuva okupedzisira. Uye zvose zvakafemerwa naSatani, kuti zviparadze hupfumi hwedu nechose chatinacho, chose chinosimuka zvakadaro. Saka ini ndiri kubatirana nevanhu ava vari zasi uko, musambofa makafunga henyu kuti handisi. Ndi—ndinotsigira rusununguko nezvose, asi vanhu vacho havachisina chinhano chacho zvino. Asi zvichaitei, ndinotenda kuti zvichatanga chimwe chimurenga kana mumwe munhu akasazvimisa. Munoona, maCommunist ari kushanda pakati pevanhu ava.

17 Ndakanga ndiri kuAfrica pavakaita chinhu chimwe chetecho. Maona? Uye ndinoziva kuti paiva nemaCommunist akauya ikoko achiudza vanhu vatema, "O, muri *zvakati*, *zvokuti*, kana *nezvokuti*. Muri *zvakati*, *zvokuti*, kana *nezvokuti*." Zvino chinhu chokutanga munoziva, zvakakonzera kuti zviuru zvavo zviuraiwe. Zvino vakasvikepi? Hapana, munoona, hapana.

18 Zvino ndi—ndinoda hupenyu hwevanhu. Ngatishumirei Ishe. Humambo hwedu huri Kumusoro; haunei nechinhu ichi chiri pano. Chero tichidya, kunwa, uye nokugona kuwana, chii chimwezve chaungada? Maona? Saka ndinoziva zvazvinozova. Ndi—ndinocherechedza kuti zvinongokonzera dambudziko.

Zvino, mumwe mubvunzo uri pano.

Johane Mubhabhatidzi, paakasangana naJesu, munoona, sei akati, "Nokuti saizvozvo zvakafanira kuti tizadzikise kururama kwese"? Wairevei?

19 Zvakanaka, ndinorangarira Dr. Roy Davis, sha—sha—shamwari yangu chaiyo, uyo akandibhabhatidza nguva iyo yoga

yandakambobhabhatidzwa. Zvino iye akati Johane akanga ari kureva kuti, ndinozvirangarira kuchikoro chavo, akati, "Johane aiziva kuti akanga asati abhabhatidzwa, iye pachake, saka iye . . . Jesu. Johane akaita kuti Jesu amubhabhatidze." Saka, izvozvo, ndi—ndinopesana nachi—chiremba mukuru ipapo.

20 Kwete zvekuita nharo, asi nokuda kweChokwadi ndinogona kutaura izvi. Kwete, paiva nevarume vaviri, vatungamiri vaviri venguva iyi, Mhesiya nemuporofita waKe vakasangana mumvura. Zvino rangarirai, Johane akanga ari kubhabhatidza kwete zvokukanganwirwa zvivi, asi zvokutendeuka. Kwete zvokukanganwirwa zvivi, nokuti chibairo chakanga chisati chaitwa, munoona, pakanga pasina Chibairo. Zvino Chibairo chakauya kwaari mumvura. Uye cherechedzai. Johane achitarisa mudenga akaona Jesu, akati, "Ndine chishuwo chokubhabhatidzwa neMi. Zvino seiko Mauya kwandiri?"

21 Jesu wakati, "Chirega hako zvive saizvozvo," zvinova ndizvo zvazvaive. "Chirega hako zvive saizvozvo, nokuti zvakafanira kwatiri, kana kuti zvakaringana kwatiri, kuti tizadzise kururama kwese." Zvino Johane, nokuti aive muporofita kunouya Shoko raShe, rinouya bedzi kumuporofita. Johane, nokuti aiva muporofita, akanzwisisa kuti uyu ndiye aive Chibairo. Uye maererano neMurairo, kuti chibairo chaifanira kutanga chagezwa chisati chaunzwa, zvino ndicho chikonzero akaMubhabhatidza. Maona? Akati, "Nokuti zvakafanira kwatiri kuti tizadzise kururama kwese." Chibairo, ndizvo zvaAive, chinofanira kugezwa mumudziyo wokushambidzira wendarira chisati chaunzwa kuzopiriswa. Zvino Jesu ndiye aiva Chibairo; uye Johane aizviziva, uye aiziva kuti Aifanira kutanga agezeswa asati aunzwa. Zvino pakarepo mushure mazvo, Akazounzwa kuruzhinji kuti atongwe uye aiva Chibairo chehupenyu hwese hwevanhu. Ishe vakuropafadzei.

22 Zvino tichave neMharidzo duku pfupi, uye tichivimba kuti Ishe vachatipa Maropafadzo aVo. Zvino, pamwe, kana ndikadzoka . . . Ndiri kusimuka svondo rino riri kutevera kuti nditore vana ndiende navo kukazororo kumusoro kuzvikomo. Uye kana ndi—kana ndikadzoka pachine nguva, tinoda kutaura mangwanani emusi weSvondo inotevera, kana Mwari vachizvitendera pamwe nekune mufundisi pano. Tichakuzivisai mukufamba kwesvondo rino, imi muri kunze kweguta, nenzira yetsamba. Ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo cheizvo chaizvo zvokuti sei tichitenda zvinhu zvatinotenda nezvaKristu, sei zvichifanira kuva nenzira yakadai uye zvisingakwanisike kuti zvive neimwe nzira. Maona? Nokuzviratidza neMagwaro. Uye, kana Ishe vachida. Kana ndikasazviita, ndichaedza kukuonai munguva ino yechando kana muchirimo chinotevera, chimwe, patinenge tadzoka, kana Ishe vasati vadzoka. Tave kudzokera zvino kumusha kuArizona, kuitira kuti tigoendesa vana kuchikoro.

23 Zvino, mangwanani ano, paye tave kungoda kuva nemunamato wevarwere, tichaverenga rimwe reShoko raMwari. Iro, ratinoziva kuti pasina Shoko iri, hazvikwanisike, hapana chinogona kuitwa. Zvino Shoko bedzi ndiro roga rinogona kuunza maropafadzo aya atiri kukumbirira pavarwere nevanoshaiwa. Uye ndinoda kuverenga rimwe zvino kubva munaPetro Wekutanga, chitsauko chechi 5, kutangira pandima 1. Uyezve kubva muBhuku revaHebheru, ndinoda kuverenga vaHebheru 2:2-4.

> *Naizvozvo ndinoraira vakuru vari pakati penyu, ini ndiri mukuru, pamwe chete navo nechapupu* chekutambudzika kwa*Kristu, nomugoverani navo wokubwinya kucharatidzwa:*
>
> *Fudzai boka raMwari riri pakati penyu,* muve nehutariri kwariri, *musingazviiti* nokumanikidzwa, *asi nomoyo unoda; musingazviiti nokuda kwokukarira pfuma yakaipa,* asi nepfungwa yakagadzirira;
>
> *Musingaiti* semadzishe panhaka yaShe, *asi muve* muenzaniso ku*boka.*
>
> *Kana Mufudzi mukuru achizoonekwa, muchawana korona yokubwinya* isingaperi.
>
> *Saizvozvo, imi vaduku, muzviise pasi* pemukuru. Hongu, *nemi* mose zviisei pasi *mumwe kunomumwe,* uye musapfeka . . . uye pfekai kuzvininipisa*: nokuti Mwari unodzivisa vanozvikudza, asi unopa nyasha vanozvininipisa.*
>
> *Naizvozvo zvininipisei . . . pasi peruwoko runesimba rwaMwari, kuti akukudzei nenguva yakafanira:*
>
> *Kandirai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwese; nokuti iye anokuchengetai.*

24 Zvino muvaHebheru, chitsauko chechi 2, tinoverenga maShoko aya. Zvino ndiri kudhonza kuti ndipe musoro wechidzidzo, "kandira kufunganya kwako." Ndiri . . . Chidzidzo changu ndechekuti*: Iye Ane Hanyn'a. Iwe Une Hanyn'a Here?* Tinoda kuverenga chikamu ichi zvino, pamuri kuzarura kuna vaHebheru 2, kuitira kuti mugonyatsoona cha—chaizvo zvinorehwa nemaShoko aya, zvaari, kuti musoro uyu unomborevei.

> *Saka tinofanira kuteerera zvikuru izvi zvatakanzwa, kuti* panguva ipi zvayo tisazvirega zvichitsvedza.
>
> *Nokuti kana shoko rakanga rataurwa navatumwa* raive—*rakanga rakasimba, uye kana kudarika nokusateerera kwose kwakapiwa mubairo wakarurama;*

Ko isu tichatiza sei, kana tisinehanyn'a nokuponeswa kukuru kwakadai uku; kwakaparidzwa kutanga naShe, kukasimbiswa kwatiri naivo vakamunzwa*;*

Naiye Mwariwo achi . . . pupurirana, navo . . . *nezviratidzo nezvinoshamisa, na . . . mabasa esimba mazhinji, nezvipo zvoMweya* Mutsvene*, nokuda kwake?*

25 Ndinoda kushandisa chidzidzo pano, chokuti, "Iye ane hanyn'a." Zvino, "Ko iwe?" PaAkanga ari pano panyika, Aiva nehanyn'a nevanhu. Pfungwa yazvo inosimuka mupfungwa yangu ndave kuda kutaura kana kunamatira varwere, ndisingazive kuti ichava mhandoi ye—yemutsara wekunamata watichava nawo.

26 Ndi, ndi . . . kutanga, kuuya kune izvi, ungano inofanira kuzodzwa nokutenda. Iwe—iwe, kana usina kutenda, zvadaro ha—hapana kana chikonzero chokuti uuye kuzonamatirwa, nokuti zvichatora kutenda kwako nekutenda kwangu pamwe chete; kutenda kwangu kuMutenda, kutenda kwako kuMutenda. Saka tisazvikanganwe pandiri kuenderera mberi. Tinofanira kuve nechinhu chine umboo, chine umboo, ndinodaro, chatinogona kuisa kutenda kwedu pachiri pane zvatiri kuedza kuita. Nokuti munhu akasvika pane chimwe chinhu chaari kuda kuita, asina kutenda kwakakwana, anotokundika chete. Asi kana akasvika kwachiri aine kutenda kwakakwana, zvino anotofanira kubudirira kana zviri maererano nokuda pamwe nechinangwa chaMwari kuti azviite.

27 Zvino, ndanga ndiri kufunga pamusoro paKe aine hanyn'a. Manheru apfuura, neimwe nzira, zvinoshamisa, ndakatungamirwa neMweya Mutsvene. Pandakanga ndakamirira mamwe machinda kuti vauye kuzobatsira Hama Wood kuti vaise ti—tirera yavakanga vagadzira kumashure kwemotokari yavo. Handina kuziva kuti sei ndakanga ndiri kuedza kutsvaka shamwari yangu yakanaka, Hama Evans, zvino ndakaenda, ndokukwira nomugwagwa mukuru. Izvo, mudzimai wangu nemhuri yangu vagere shure uko vanoziva kuti ichokwadi. Zvino neimwe nzira, zvisinganzwisisike, ndakatendeuka ndokudzoka kune imwe nzvimbo, imwe hotera duku.

28 Uye, o, zvakafadza sei moyo wangu kuona shamwari dzangu dzakawanda dzakaungana ipapo munguva ingaita maminitsi maviri, kusvikira vakavhara nzira yokufamba nayo, motokari dzakanga dzisingakwanise kupfuura zvachose, dzaingori shamwari chaidzo, dzakatyaira mazana emamaera, kubva kuGeorgia neTennessee neAlabama, nekwese kwakapoteredza, kuti vango—kuti vangonzwa shumiro imwe. Zvino pfungwa iyi yakabva yauya mundangariro dzangu, "Zvino chii chandinofanira kutaura kuvanhu ava, ndichiziva kuti neZuva roKutongwa ndichafanira kupindurira izvo zvandinovataurira?" Uye neniwo zvakare ndiri—ndiri mudi

mukuru wehupenyu hukuru huri kuzouya, uye ndi—ndinoda kuvako.

29 Zvino nenzira inoshamisa ndakaenda kune imwe nzvimbo pandakakona zvisinganzwisisike. Panzvimbo yekupota naipapo, ndakaenda mberi kwandakanokona. Magetsi akavheneka pane vakaroorana vakaisvonaka vaive panze, madzimai echidiki akanaka maviri andakanga ndichangobva mukuchatisa kune vashumiri vechidiki vakanaka vaviri. Zvino Satani, mushure mokunge aona mu—mushumiri uyu, mumwe wavo shumiro yake yamira zvakanaka zvino ndokutora sha—shamwari yake yeupenyu ipo pano, paartari ino. Vakaenda havo vachifara kunosasana mushure memuchato, zvino—zvino muvengi akasvetukira pamurume uyu wechidiki. Zvino ndiri kutaura izvi kuti ndiratidze zvandiri kutaura, "Ane hanyn'a here?" Neimwe nzira, nekutenda kusingagamuchire "kwete," vakakomuka ndokudzoka kuno, vachiziva mushure mokunge vaenda vave kure (kure kumabvazuva) kuno pane imwe nzvimbo vari pakusasana shure kwemuchato, vakadzoka zvino vakanga vakagara, vakamirira. Zvino ndakafamba ndokupinda, murume wechidiki ane chiso chakarurama; mudzimai wake agere panze, achichema, iye neshamwari yavo duku. Zvino mumwe murume neimwe hama vachiuya, vachimhanya, uyo anova iye shamwari yemurume wechidiki uyu, achiti, "O, Hama Branham, *zvakati* ne*zvakati* zvaitika."

30 Ndokuendako ndokuona murume wechidiki uyu akarurama pachiso agere ipapo, ari panhongonyn'a yeHupenyu hwake, mutungamiri wemajaya, agere ipapo, zvino Satani akanga amusunga. Haana kumbozvicherechedza, asi ndakatora ruwoko rwangu (ruboshwe) kuti ndikwazisane naye neruwoko rwake (rudyi), kuti ndione kana paine chirwere chakanga chamubata. Asi pakanga pasina chiratidzo chokubvunda-bvunda. Ndichangobva mukamuri mandainamata nekutsanya, pamwe nokumirira panaShe, chizoro cheMweya Mutsvene chakanga chiripo ipapo, zvino ndicho chikonzero Wakatitungamira, munoona. Zvadaro ndokuona mumvuri werima pamusoro pake. Handina kumbotaura zvandakanga ndiri kuita. Asi mukati menguva shomanana zvose pakanga pachisina, kutonhora kwemaoko ake kwakange kwaenda, akange ave kudanidzira achirumbidza Mwari, mumaminitsi mashoma akanga abengenuka. Zvino hevanoi vagere ipo pano mangwanani ano, vagere muungano. Munoona kuti Satani akanga ari kuedza kuvhiringidza murume uyu wechidiki, achimutaurira pamusoro pemamwe manzwiro aakambova nawo ave kudzoka, ayo aizivikanwa neMweya Mutsvene, uye ndakazviona nechiratidzo chaShe. Asi Mwari vakava nehanyn'a nemurume uyu. Mwari vakava nehanyn'a nemukomana wechidiki uyu.

31 Ndichingopinda munguva shoma yapfuura, mumwe—mumwe mudzimai, ndiri kumuona agere nepanofambwa napo,

asina . . . angozviwanira chigaro neimwe nzira, ndokugara pasi. Ati, "Makore mapfumbamwe, Hama Branham, ndakaedza kuti ndikuwanei." Zvino ndokuti, "Ndanyatsopererwa! Ini pano ndanonoka, uye handina kana kumbokwanisa kuti ndiwane kadhi romunamato kuti ndigova mumutsara."

32 Billy, sezvamunoziva, kurairwa kwaakaitwa kuti aone kuti handinetswi, anondipinza nokundibuditsa. Musaita manzwiro akaipa kunaBilly, akarairwa neboka rematirastii aya kuti azviite. Zvino kana akasazviita, handingambokwanise kusvika kumutsara wokunamatira, kupinda muno. Muzvicherechedze. Munoona, panofanira kunge paine hurongwa pane chose chatiri kuita. Ti—tinofanira kuva nahwo, munoona. Asi iye achiti, "Chiuyai, baba, kurumidzai," izvi.

33 Mudzimai akadzokera kumashure. Zvino iye ndokuti, "Hama Branham, shoko rimwe bedzi nemi." Ndakamira ipapo, chiratidzo chakaonekwa pamusoro pemudzimai wechidiki uyu airatidzika zvakanaka, zvino ndokuona kuti moyo wake wakanga wakaremerwa. Uye akanga ari kuedza kushanda kuti ararame. Zvino chimwe—chimwe chinhu chikuru chakaitika kumashure, shure-shure munguva yevabereki vake, zvakakonzera kuti chinhu chikuru ichi chiitike kwaari, zvino Ishe Jesu vaChizarura ndokuratidza zvachaive. Zvino ipapo, pakarepo, ndokuchibvisa kubva pamudzimai uyu. Akaenda kwese-kwese achipembera. Uye zvino agere muno muungano pamwe chete nesu, achipembera, nemisodzi, sezvo ari kupukuta meso ake iye zvino, achiziva kuti chokwadi chechinhu chacho chakaziviswa. Uyezve, kuti, mudzimai muduku uyu anosiririsa aive asina kugadzikana, akanga achihuta-huta zvokuti akanga asisazive iye kuti oitei pachake, uye achifunga kuti akanga atoparara, uye hapana Mweya Mutsvene, zvino rino ndiro zuva rake rokupedzisira. Akanga amboedza kwemakore mapfumbamwe zvino akanga ave kutosvika kumagumo okupererwa, Mwari vakaita hanyn'a nemudzimai muduku uyu uyo akashaya ane hanyn'a naye. Maona? Inguva yakadini! Ane hanyn'a.

34 PaAkanga ari pano panyika, sokureva kwandaita, akava nehanyn'a nevanhu zvikuru zvokuti akapodza varwere vavo, ndokunyaradza moyo yavo, ndokuvaudza pamusoro pe—penzvimbo iyo Anga achizoenda onovagadzirira, zvino ozodzoka kuzovagamuchira kwaAri. Akava nehanyn'a navo. Uye cherechedzai, Akava nehanyn'a zvikuru kusvikira, paAkaziva kuti Aifanirwa kuenda kuitira kuti agotiunzira chinhu chikuru ichi, Akati, "Handikusiyei musina munyaradzi, asi Ndichatumira Mweya Mutsvene, zvino achaenderera mberi nehanyn'a yaNgu kwamuri," kusvikira Adzoka. Hapana ane hanyn'a saJesu. Tichiziva kuti mutumbi waKe, seMuprisita Mukuru, pabasa rokureverera iro Ari kuita zvino, Mutumbi uyu unofanira kugara muHupo HwaMwari nguva dzose,

uchireverera, kuitira kuti Mwari vasaone chivi chemutadzi; Vanongoona bedzi Ropa reMwanakomana waVo. Uye nokuziva kuti, Akatumira Mweya Mutsvene kuti uenderere mberi nokunyaradza vanhu vaKe. Ane hanyn'a here? Ndizvo chaizvo, Ane hanyn'a. Zvino, Aifanira kuenda mberi nokuva nehanyn'a nevanhu, vanhu vaKe pano panyika, nenzira imwe chete yaAkava nayo kwavari paAkanga ari pano. Nokuti Akati muna Mutsvene Johane, chitsauko chechi 15, kana uchida kuita . . . ndine zvinyorwa zvakaradzikwa pano zvine Magwaro aya andiri kutaura nezvawo, Mutsvene Johane 15:26 ne 27.

35 Ndiri kuona vakawanda venyu muchinyora Magwaro pasi. Saka ndinokwanisa kutaura nezvaro kana musingarizive, kakawanda, kuGwaro. Ndinonyora Gwaro pasi, zvino ndoziva zvandiri kutaura pamusoro pazvo kubva pano, nokuti zvinogara nguva dzose zviri muShoko raMwari. Maona?

36 Akati, kana Mweya Mutsvene uchinge wauya, Uyo Baba vachatumira muZita raVo, Achapupura nezvaKe. Nemamwe mashoko, Anozoita zvinhu zvimwe chete zvaAkamboita. Mweya Mutsvene achishanda nemutabhenakeri iyo yaAkachenesa, waizoita zvinhu zvimwe chete zvaAiita. Zvino, ndizvo zvazvinofanira kutiitira! Zvino tinobva taziva kuti chaipo pakati pedu nhasi tine munyaradzi mumwe chete Jesu Kristu ari pakati pedu ari muchimiro cheMweya Mutsvene, imwezve hofisi iyo Mwari pachaKe ari kushanda ari mairi.

37 Aive Munyaradzi kuIsraeri apo vaigona kutarisa mudenga voona Shongwe Yemoto, uye vonzwa muporofita achitaura maShoko ainge ari echokwadi, uye Mwari voAsimbisa. Ndiko kwaiva Kunyaradzwa kwavo.

38 Aiva Munyaradzi paAiva pano panyika semunhu, Mwari akaitwa nyama. Mwari Akazvimiririra uye Achizviratidza nemu—muMunhu, Kristu Jesu, Akavimbisa kuti "Mabasa Andinoita nemiwo muchaaita. Uye ndiri kuenda kunaBaba, uye Ndichatumira Mweya Mutsvene, Uyo uchange uri Ini muchinhano cheMweya. Uye ndichave nemi, ndigogara mamuri. Uye zvinhu zvimwe chete chaizvo zvandakaita pano, Mweya Mutsvene uchazviita zvakare muZita raNgu, paAnouya." Maona? Ndosaka Akati, "Kutaura zvinopesana naWo" zvino mushure mokunge yananiso yatoitwa kare, chaizova chivi chisingaregererwe, "kumhura Mweya Mutsvene."

39 Uye Aizozviita nenzira imwe chete, kuitira kuti tigoziva kana kuri kunyaradzwa kunobva pane mamwe maonero epanyika, kana tigoziva kuti kunyaradzwa kunobva kune mumwe mutana anogona kuisa mawoko ake patiri otimbundira zvishoma zvino otiita kuti tinzwe zvakanaka, kana—kanawo mamwewo matauriro edzidzo yebhaibheri esangano anogona kuti "zvino wave wedu, uye tinazvo; usaenda kunova nhengo yedzimwe dzose idzi, nokuti ivavo havana."

40 Vakanyatsozviita kuti zvive zvemazvirokwazvo, munoona, "Achataura nemuZita raNgu. Mabasa ayo Andinoita nemiwo muchaaita, kana Ari pamusoro penyu." Munoona, Anozonyaradza nenzira imwe cheteyo, nokuregerera zvivi zvedu zvose, nokupodza zvirwere zvedu zvose, uye nokutaura kwatiri nezvekunyaradzwa kweHumambo huri kuuya. Munoona, Achizviratidza Iye pakati pedu, saMwari Vakazviratidza pakati pedu naJesu Kristu. Uye muna—muna Timotio Wechipiri . . . Timotio Wekutanga 3:16, makanyorwa seizvi, kuziva nezvaMwari, "Pasina kupikisa tinocherechedza kuti chakavanzika chehumwari chikuru, nokuti Mwari vakaratidzwa munyama." Takaona Mwari munyama. Ndiyo yaive nyaradzo yaMwari, kuziva kuti Vakauya saizvozvo (Vakava nehanyn'a nesu) kusvikira Vakazova mumwe wedu. Mwari vachiratidzwa munyama. Kwete mumwewo munhu zvake, asi Mwari pachaKe!

41 Uye zvino kuzviswededza pedyo neimwe nhano, Vanotumira Mweya Mutsvene kutarira pane zvekugara kwedu kwakanaka, uye Anogara *ma*tiri. O, Ane hanyn'a!

42 Iye zvino tinofanira kuenda pane chimwe chikamu cheGwaro pano, kana kuti pane imwe pfungwa kutsigira izvi. Ndisati ndaenda, regai nditaure izvi: munhu wese haana Munyaradzi uyu. Ivo, havana, havana Iwo. Saka chikonzero sei vasina Iwo, ndechokuti havaUgamuchire. Ndewavo, asi havaUgamuchire. Zvino, ndine tariro yokuti muri vanhu vemweya zvakakwana kuti—kuti muverenge zvandiri kutaura. Maona? Ndiri kutaura neboka revanhu avo vari kuzonamatirwa mumaminitsi mashoma. Uye tine Kunyaradzwa uku muMweya Mutsvene uyo wakatumirwa kuva Munyaradzi, asi vanhu vose havaUgamuchire. Havatende maUri. Maona? Ivo, kuti vazviite, zvino vanotora zvinovanyaradza kubva pane zvimwewo zvinhu, dzimwewo nzira. Kana vakasagamuchira Munyaradzi akapiwa naMwari, zvadaro vanotozofanira kuwana mumwe munyaradzi, muri kuona, nokuti haukwanise kurarama pasina chimwe chinhu chokuraramira.

43 Uye ndine tariro yokuti mumwe nomumwe wenyu azvibata, kunyanya imi vanhu vari kuzonamatirwa, vasiri kunzwa zvakanaka mangwanani ano, kuda vane matambudziko asingagoni kubatwa navanachiremba.

44 Zvino tinotenda kuti vanachiremba vanobatsira vanhu. Ndinotenda kuti Mwari vanopodza nemushonga. Mwari vanopodza nokuvhiyiwa. Mwari vanopodza nokunzwisisa. Mwari vanopodza nerudo. Rudo rushoma rwunoenda kure. Regai mumwe munhu ange akakanganisika, zvino womuratidza kuti une hanyn'a naye. Maona? Mwari vanopodza nerudo. Mwari vanopodza nemunamato. Mwari vanopodza neminana. Mwari vanopodza neShoko raVo. Mwari vanopodza! Zvingadai zvichibva pai zvapo, Mwari vanopodza nazvo. NdiMwari vanopodza, nokuti Vakati, "Ndini Jehovha ndinopodza zvirwere

zvenyu zvose." Saka zvose zvinofanira kushanda pamwe chete, uye varume vari mushumiro dzakasiyana vanofanira kushanda pamwe chete kuitira izvozvo. Maona? Iye zvino, havachazviiti, nokuti dzimwe nguva vanorambidzwa kutora mamwe matanho paShoko raMwari, nokuti rimwe sangano ravo harivatenderi kuzviita. Asi izvozvo hazvimise Chokwadi, zvakadaro, Mwari vanoenderera vachipodza kunyange zvakadaro.

45 Nokudaro vanoedza kuwana nyaradzo kubva kune zvimwewo zvinhu. Ngatitaurei kutanga nezvemunhu wemukati.

46 Tinoona kuti vanhu vakawanda vanoedza kuwana nyaradzo nokunwa doro. Munoziva, tine chitaurwa chinonyatsozivikanwa pakati pedu nhasi, kuti—kuti vashumiri vakawanda vanonwa vasati vaenda papurupiti, vanonwa zvi—zvi—zvinwiwa zvakasimba zvinodhaka. Zvinozivikanwa kuona vashumiri papuratifomu, vaitodzadzarika vabatwa nedoro. Zvino izvozvo—izvozvo hazvifaniri kudaro. Hazvifaniri kudaro. Nechikonzero chokuti nguva dzakawanda tinogona kupomera munhu wacho apo pamwe tisingafanire kuita zvakadaro, tinofanira kuti tiwane kutanga pane dambudziko. Vazhinji vavo vakatendeuka kubva kudoro. Uye tinoona kuti, kana vari muchinhano chakadaro, zvinonyadzisa nekushoresa. Asi zvinoshoresa sezvinongori kunyepa, kuba, kana kuchiva madzimai, kana chinhu chose chiri mumurairo. Maona? Uye zvichida murume akazvarwa aine hutera hwakakura hwekuda madzimai, zvino anoona nzenza dzisina kusimira dzechimanjemanje mumugwagwa, zvino a—anogara nguva dzose ari padambudziko. Maona? Iye, uyu, murume akazvarwa akadaro. Zvino, zvaanofanira kuita, uyu mushumiri anonwa doro, kana mu—kana mudzimai anoputa kana ano . . .

47 Anopfeka zvinonyadzisa, achiedza kuzviwanira nyaradzo kubva pakuti mutumbi wake wakaumbwa zvakanaka, nokudaro anoda kukonzera kuti varume vamutarise. Hapana chimwe chikonzero. Ane kakupenga kaainako. Maona? Hapana munhukadzi ane pfungwa dzakakwana achiziva okumura nguwo dzake pamberi pemurume, uyo ane pfungwa dzake dzakakwana. Maona? Hapana chikonzero chazvo zvachose. Uye iye, asi ari kuedza kudaro, vasikana vechidiki ava nhasi uno vanobuda vachienda mumugwagwa, vakanyatso . . . Zvakanaka, regereraiwo chitaurwa. Uye rangarirai, tepi ino haingoendi bedzi kuvanhu vari pano, inoenda pasi rose. Maona?

48 Zvino mu—mudzimai anokumura nguwo dzake kubva paari, nokuti anoziva kuti kuri kupisisa. Ofamba uko muzuva imomo, asina kupfeka, nekufamba akapfeka dzimwe hanzu, zvino ndezvipi zvinonyanya kutonhorera? MaIndia zasi uko mumaPapagos nemaNavajos; maPapagos, kunyanya, nevekumaruwa, madzimai aya anobuda kunze akamoneredza magumbeze makobvu, zvino vosvikogara panze muzuva kuti vatonhorerwe. Sei? Vanodikitira, zvino

mhepo inovhuvhuta inogadzira zvinoita kuti kutonhorere, munoona. Zvino madzimai aya havana chimwe chikonzero asi kungo . . . Havazvizive, havazvicherechedzi. Handisi kuti vanodaro. Vazhinji vavo madzimai akanaka, uye handisi kungozvitaura ndichivirima. Ndiri kuzvitaura ku—kuedza ku—ku—kuvapeputsa. Maona?

49 Anongori Satani, munoona. Munocherechedza vanhu vasiri madzimai, vanhurume vachitarisa zvakadaro, zvinopa runziro yakakura kwavari kusvikira vano—vanoridza matai nokuridza muridzo we—we—wemhumhi. Uye—uye—uye vanozviitirei? Vakadzi vanozviita kuitira kuti vagoita kuti varume vaite zvakadaro. Ko unoenderei kunze, imo chaimo mukupisa kwezuva, uye na four o'clock masikati, kunocheka uswa nemuchina weuswa apo vanhu vanenge vave kudzoka kubva kumabasa avo nezvimwe zvakadaro? Zvinoratidza kuti mweya wekupenga. Uye ndinoziva kuti vakawanda vavo vanogona kunge vaine kutesva kwenjere kwakadarika kwangu nemamaera miriyoni, asi ndinoedza kutesva kwenjere dzako neShoko raMwari zvino ndoona pakunobudira. Maona? Ndiko kutesva kwenjere kwechimanjemanje, asi icho chiratidzo nechibereko chehupenyu ndizvo zvinoratidza. Saka vanoedza kuwana kunyaradzwa naizvozvo.

50 Vazhinji vavo vanoti, "Ko, handizviite." Asi munozvipfekedza nemaitiro anokwezva kusvikira vanoedza kuva vechimanjemanje zvakadarika mudzimai achagara pedyo navo muchechi mangwanani anotevera, nokupfeka nguwani iri nani kana nguwo dziri nani zvishoma, nokuti unokwanisa kuzviita. Maona? Munoona, chivi chinodzika zasi-zasi. Zvino vanoedza kuwana kunyaradzwa nokudaro. Uye vane . . .

51 Zvave chimwe chinhu kusvikira zvanyatsorova nyika yose, kwete nyika yoga, asi pasi rose zvachose. Zvinhu zvakawanda zvandinogona kutaura pano, asi, kuchengetedza nguva, shumiro yekupodzwa iri kuuya, ndi—ndinogona kutaura nepakuru pane izvi, handisi kuzodaro. Ndine chokwadi chokuti muchanzwisisa zvandiri kureva. Izvi, zvakarova nyika yezvematongerwo enyika, hupenyu hwezvematongerwo enyika, hupenyu hwemagariro evanhu, hupenyu hwehunhu hwenyika, hwevanhu vepasi rose. Zvasvika panzvimbo iyo yokuti munhu ave kuda kuva munhu wezvematongerwo enyika kuti angova nezita rokuti munhu wezvematongerwo enyika. Ane mari yakawanda, anokwanisa kudhonza mavhoti zvino ohaya michina inogona kuzviita, ne—nezvimwe zvakadaro, kungoitira zita, aine mamiriyoni nemamiriyoni emadhora, munoona, kungozviitira zita rokuva mumwe munhu wezvematongerwo enyika mukuru. Zvakwana zvataurwa nezvazvo, munoziva zvandiri kutaura nezvazvo.

52 Hupenyu hwemagariro evanhu! Vanhu vanoedza kuuya pamwe chete muhupenyu hwekupenga uhu hwemagariro evanhu. Usanditaurire kuti nyika haisi kupenga, apa

ichiita zvairi kuita. Chokwadi ndizvo zvairi. Zvirokwazvo. Inyika yemipengo. Zvino nenyasha dzaMwari ndiyo nzira yoga yatichazvipukunyuka nayo. Cherechedzai, muhupenyu hwemagariro evanhu, vanhu vasvika panzvimbo yokuti vano—vanoyanana muzvipoka zviduku, uye vanopinda imomo vachifunga kuti, "Tiri nani kudarika boka rinotevera." Maona? Uye izvi, zvinongoitwa nenzira iyoyo. Uye mazvibatiro ehunhu, zvarova hunhu hwevanhu kusvikira, chokwadika, vashamwari, handitombotendi kuti (nyika) shoko rokuti "hunhu" rinombocherechedzwa pakati pezvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana revanhu venyika ino. Havatombozivi kuti (nyika) shoko rokuti "hunhu" rinorevei. Raka—rakatiza kubva kwavari. Uye zvakaitwa nemano.

53 Satani ane mano kwazvo, munoona, uye anozviita zviri nyore-nyore, zvine—zvine mano kwazvo, zvinongori zvishoma *pano* nezvimwe zvishoma *apo,* zvino ozvirega. Ane nguva yakawanda, saka anongoti mhanyei zvishoma muno *umu* nezvishoma muno *umo* zvino, chinhu chokutanga munoziva, vanhu zvishoma nezvishoma vanopinzwa mazviri. Chii chingadai chakaitika kumudzimai, kare pandaiva mukomana ane makore gumi nematanhatu okuzvarwa, dai akafamba achidzika nemugwagwa sezvaari kuita nhasi ari muchinhano ichi chenzenza dzinokumura nguwo? Handiti, vangadai vakamukandira mujeri. Saka, kana zvakanga zvakashata kareko, zvakashata iko zvino. Muri kuona? Asi, munoona, Satani akangotanga kudimbura siketi, nekudzideredza, uye—uye zvichaitika kuti pachava nemumwe achagadzira imwe inodarika mikini kana bhikini, kana kuti chinhu ichi zvamunochidana muchiita, kusvika kuti pashizha remuonde. Munorangarira! Ndizvo chaizvo, zvichanyatsodzokera kumashure. Uye izvozvo, izvozvo zvatove ipapo zvino.

54 Uye zvino tinoona, zvinhu zvose izvi chikonzero ndechokuti vanhu vari kuedza kuti vawane kunyaradzwa. Vari kuedza kutsvaka chimwe chinhu chavari . . . Uye rangarirai, nyaradzo yako ndicho chinamato chako, uye unoita zvinhu izvozvo chinamato chako. Maona? Zvinosiririsa sei pakuziva kuti rufu rwakavata pamberi pako. Maona? Kusvikira, zvose izvi zvakaitika kusvikira zvinoita sokunge hapana nheyo ya—yakasimba yasara munyika yokuvakira chero chinhu pairi.

55 Regai ndingokubvunzai chimwe chinhu. Hapana chaunogona kutenda, zvachose, kunze kweBhaibheri. Nazvino tichina Kristu; Mwari ngaatendwe. Maona? Ha—hapana chaunogona kutenda. Unoenda pane . . . Somuenzaniso, paunobatidza terevhizheni yako (imi mune zvakadaro), zvino paunobatidza terevhizheni yako zvino woona zvo—zvokushambadzira, saka, kana munhu akada kuedza kurarama nechikamu chimwe kubva muzana chezvinoshambadzirwa, unofa mukati mevhiki. Munoona, hautombokwanisa kuzviita.

Uye chinhu chaicho icho imwe kambani inochigujunura, sechinhu chakagadzirwa, zvino voti, "*Ichi* ndicho chinhu chaicho pano, zvino usava *neichi* chiri necheuko," zvino ikambani imwe chete inotengesa chinhu chimwe chete. Zvino kumwe kushambadzira kunouya, tora *ichi* chiri padivi iri uye kwete *icho,* apa ikambani imwe chete. Vanhu vemuAmerica vanonyengerwa nezvinhu zvakadaro, kusvikira nyaya yacho yose yawora, kusvikira hapachisina tariro zvachose. Hapana achaziva zvokutenda. Asi ndinoda kukutaurirai mushure mechinguva zvacho zvokutenda, kana uchida kunyaradzwa, kana Ishe vachida.

56 Vanhu, vanonyepa, vanobiridzira, vanoba, kusvikira potse unotofanira kunge uine chinotsigira kuti ugone kukwereta madhora mashanu kubva kune mumwe munhu. Zvaka . . . Munoziva, Bhaibheri rinozvitaura, kuti pachange pachisina rudo mumazuva okupedzisira kunze bedzi pakati pevanhu vakasanangurwa. Ndizvo chaizvo. Gwaro rinotaura pamusoro pazvo, kuti murume achapesana nemudzimai wake, uyewo mudzimai achapesana nemurume wake, vana vachipesana nevabereki. Pakati bedzi peVasanangurwa vaShe ndipo pachasara paine rudo.

57 Makereke apinda muchinhu chimwe chete zvichibva pahupenyu hwemagariro. Vakahuunza mukereke, hupenyu hwemagariro nezvematongerwo enyika nezvimwewo zvinhu zvavo, kusvikira vavhiringidza kereke zvokuti haichaziva zvokuita. Vakaunza zvematongerwo enyika mukereke. Vakaunzawo zvakare hupenyu hwemagariro, hupenyu hwemagariro avo mukereke, mitambo yavo, bingo kana bunco, kana chero zvavanoudana, uye nesvusvuro dzemanheru idzi nemadhanzi, nezvimwe zvakadaro, muimba yaShe. Handiti, zvi—zvinosiririsa.

Vanoti, "Saka, zvino, handizvo, ndezve pamusika wepakereke."

58 Rangarirai, paive pamusikazve wepakereke apo Jesu akarova va—vatengesi achivadzingira panze pamwe nezvavaitengesa, uye ndokuti, "Zvakanyorwa kunzi, 'Imba yaBaba vaNgu yakaitwa imba yemunamato,' zvino imi maiita bako rembavha." Maona? Hazvina kunaka, handina basa kuti zviri kupi. Chero bedzi kana kereke . . . Kereke haisi chivakwa kunyanya, vanhu vari muchivakwa. Zvino kana vanhu ava vari kuita zvakaro, sei, zvakatsveyama. Zvino vakaunza maitiro aya.

59 Zvino tinoona kuti makerekewo, zvakare, anogara nguva dzose achivimbisa chimwe chinhu, seterevhizheni nezvimwewo, zvokuti havasvike kuchi—chinhu chavakavimbisa. Sezvandinowanzotaura, chitaurwa chakare, "Munhu anogara nguva dzose achirumbidza Mwari nokuda kwezvaAkaita, orumbidza Mwari nokuda kwezvaAchaita (kutarisira kune zvaAchaita), zvino oshaya hanyn'a nezvaAri kuita." Munoona,

va—va—vanokundika. Uye ndiyo nzira yavanozova nhoroondo mushure muchinguva, yevakasvibiswa, munoona, nokuti vanokundika kucherechedza zvino! Unogona kutaura pamusoro penyaradzo yakambopiwa naKristu kare, uye ugotaura nezvenyaradzo yaAchapa mumazera ari kutevera, asi woramba nyaradzo yaAinayo pano zvino yako. Maona? Zviri pahwaro humwe chete patinozviwana. Saka, chakazova chinhu chikuru. Zvino tinoona kuti va—vanouya . . .

60 Izvi zvapindawo muPentecost, mumakereke. Zvapinda munharaunda dzemaPentecost, kuti vave kungogara vachivimbisa chimwe chinhu chavasingasvike kwachiri. Zvinoitika kuti nguva dzose muchinda wese ane kutekenyedzwa kwakasiyana, uye—uye wozviita chero zviri muMagwaro kana kuti kwete, uye vari kuvimbisa chimwe chinhu chavasingasvike pachiri, kusvikira zvinoita sokunge zvasvika panzvimbo pokuti hapachisina kana kuperera. Va—vanhu havasvike pamongo chaiwo wokuperera. Yakarasa iro . . . Shoko chairo reChirungu rokuti *kuperera* rarasikirwa nehukoshi hwaro—hwaro kuvanhu. Kana kuti, nenzira ye—yemararamiro evanhu, yarasikirwa nokuperera kwayo kwavari. Zvino vanoita sokunge vasinganzwisise.

61 Kunyange kureurura kwedu! Zvino, ndiri kuda imi vanhu vari kuuya, kana pano mubate . . . kana vari pa—patepi, ndiri kuda kuti munyatsoteerera zvino kwechinguvana kuchitaurwa ichi. Chi—chi . . .

62 Kunze kwekunge makanyatsoperera! Haukwanise kuperera kunze kwekunge uine kunzwisisa kuzere. Kana uri kufungidzira, kana kufembera-fembera, kana tariro yokuti pamwe zvichadaro, zvino zvadaro hapakwanise kuve nehudzamu hwekuperera hunodiwa naMwari. Iko, kutenda, haisi "ndinotarisira kudaro" kana kuti "pamwe ndizvo chaizvo." Zvinofanira mazvirokwazvo kunge iri "Ameni!" Ndiyo mhedziso yako. Ndi—ndi—ndiyo—ndiyo mhedziso yako. Ndicho chinhu chawakasungirirwa pachiri. Maona? Wasvika pane chokupedzisira chako, kuti "IChokwadi uye pane . . . Ichokwadi chizere, uye Chinofanira kuve saizvozvo!" Uye zvino paunozvicherechedza mupfungwa dzako, zvadaro unofanira kuuya kwaChiri nehupenyu hwako hwose, munhu wemukati, mutumbi, zvose zviri mauri, wonyatsozvipira zvachose kwachiri. SaJesu akatidzidzisa zvine nyasha mumurume aitenga maparera, zvino akawana Rimwe raiva rakakosha zvikuru zvino ndokutengesa mamwe ake ose kuti aRiwane. Zvokwadi dzose nezvimwe zvose zvaaiva nazvo, kunyange aive maparera akanaka, a—a . . . Iri raireva zvose kwaari. Zvino kana wawana Mhedziso yaMwari, Shoko raKe, vimbiso pamusoro pechimwe chinhu, unofanira kuziva kutanga kuti iShoko raMwari, kuti chinhu chauri kuona chichiitwa ndiMwari. Ha—hapana—hapana "pamwe ndizvo, zvingangodaro, zvinoratidzika kunge ndizvo." "NdiMwari!"

Zvino kana wasvika panzvimbo iyi, zvino iri ndiro Parera remutengo wakakura, unofanira kubva kune icho chose chaungaudzwe nechero munhu chinopesana naRo. Haufanire kutarisa kubudiriro yakaitwa nemunhu. Unofanira kutarisa kune zvakataurwa naMwari uye nezvaAkavimbisa, zvino woMuona achizviita, zvino inova Mhedziso yako pakare ipapo. Zvino zvose zvauri, zvose zvawakange uri, zvose zvaunotarisira kuzova, zvinofanira kuiswa pamusoro peIzvi zvichiita sokunge zvaireva rufu neupenyu kwauri panguva iyoyo.

63 Ndinofunga kuti chimwe chezvinhu chinoita kuti vanhu vedu vasapodzwe kusareurura, kusareurura zvakaperera. Zvino, sokuti, izvi zvinogona kunzwika sezvakati ipei, asi handisi kuzvireva nenzira iyoyi. Asi, ndakatarisa mudzimai wangu akagara pano apo. Kana ndikaenda kunze uko nhasi ndokanda mawoko angu ndichimbundira mumwe mudzimai ndo—ndotanga kuita zverudo naye, zvino ndinoziva kuti, mushure mokunge ndanzviita, kuti ndakanganisa, ndakanganisa zvikuru. Zvino, saizvozvo, Munyaradzi wangu anondidzivisa kuita zvakadaro. Maona? Maona? Asi ndiri kureva kuti kana ndi—kana ndikazviita, zvino ini. . . zvoitika kuti ndazviita kana zvimwewo zvakafanana naizvozvo. Zvino ndinoziva kuti chinhu chokutanga kuti kumudzimai wangu, ndisati ndati kunaMwari, "ndiregerereiwo," nokuti ndamutadzira. Kana ukauya kuartari zvino worangarira kuti une zvawakakanganisa, enda unotanga wazvigadzirisa kutanga, usati wapira chipo chako. Saka ndinofanira kuenda kwaari. Ndinotenda mukureurura mune kugadzirisawo zvakare. Hakusi kureurura kwechokwadi kunze kwekunge kuri iko.

64 Ko dai ndikati zvino, "Ndave kuenda kunozvireurura, kuti ndakakanganisa, ndoti, 'Ishe Wakanaka, O Shamwari yangu, Munoziva kuti ndinoKuzivai kwazvo. Mwari ngaArumbidzwe! Hareruya! Ndi—ndi—ndi—ndinofunga kuti Muri Muchinda akanaka. Ndiregerereiwo. Unoziva, Shamwari yakare, kare, ha—handina kuzvireva nenzira iyoyo'"? Maona?

65 Zvino, unoti, "Kusaremekedza Mwari." Ndizvozvo. Kureurura kwakadaro, kusaremekedza Mwari.

66 Asi kana ndikaenda ndoti, "Ishe, nda—ndanga ndisingadi kuzviita nenzira iyoyo, zvino Ndibatsireiwo uye handichazviiti zvakare"? Anoramba kugamuchira chibairo changu kusvikira ndatanga ndagadzirisa nemudzimai wangu.

67 Ko toti ndauya kwaari nokusaremekedza kumwe chete, zvino ndoti, "Nhai, musikana, shamwari yangu yakare, amai vevana vangu, nemudiwa wangu wakare, unoziva kuti tanga tiri shamwari chaidzo kwenguva yakareba. Nhai, ko toti ndikambundira mumwe mudzimai? Zvino ko iwe unotiiko nezvazvo, mwanawe, ungandiregererawo here?"

68 Pafunge maratidzikiro aanoita. Anenge otofunga, "Chiiko chaitika kumurume wangu?" Maona? Zvino, chinhu chokutanga, haazombozivi kuti ndiri kutamba hangu here kana kuti handisi.

69 Zvino hauende nenzira yakadaro kunoreurura kune hama yako kana Mwari. Unoenda nohudzamu hwekuperera, nokusuwa kune humwari nokuda kwechivi chako. Kutanga, unofanira kuva neurombo. Ndinofanira kumuudza, "Mudiwa, uya pano, zvine zvazvinogona kureva kuhupenyu hwedu hwese hwemuchato. Mudzimai wandinogara naye, ndiye chido chemoyo wangu, uye kuti ndakakuda sei makore ose aya. Asi zvino unogona kundisiya, kubva iye zvino, unogona kusagara neni, unogona kusandigamuchira. Uye izvozvo ndiri kuzviziva. Asi zvakadaro, kuzvigadzirisa, ndinofanira kuita zvakanaka." Ndinofanira kumutaurira nepakadzika pemoyo wangu.

70 Zvadaro ndinofanira kuudza Mwari nenzira imwe chete. Zvino ndoudza vose iye naMwari, nokuperera, kuti handichafi ndakazviita zvakare, nenyasha dzaMwari. Maona? Zvirokwazvo usango . . . Zvino, ndinokwanisa kuzvitaura kwaari, zvino iye (maona?) haazvione. Zvichida kutaura kwangu kwaari kunogona—kunogona kumupa kugutsikana, asi kutaura kwangu hakugutse Mwari. Anotarisa mumoyo mangu uye Anoziva. Uye zvakarewo, makore mashoma uinaye, kana Mwari vatendera, zvino tichatorwa tobuda munyika ino. Asi naMwari, ndezvemunaZiendanakuenda, saka ndinofanira kunyatsoperera kuna Mwari. Uye kana ndakaperera, Anondinzwa. Asi kana ndisina kuperera, hapana chikonzero chokupedzera Mwari nguva yavo vachinditeerera.

71 Uye ndipo pazvasvika nhasi, pakati pevanhu, zvinoita sokunge hapana hudzamu hwekuperera hwa—hwavanofanira kuve nahwo.

72 Zvino ndinotenda kuti murume kana mudzimai anouya kuzonamatirwa, anofanira kutanga areurura zvose zvaakaita, uye nokugadzirisa zvose. Nokuti, munoona, munocherechedza nguva dzakawanda papuratifomu, munocherechedza, tarisai kuti iya ZVANZI NAJEHOVHA iri kure zvakadini. Maona? Maona? Vanhu, chiratidzo chinozooneka, zvirokwazvo, nokutenda kwavo, Mwari vakazvivimbisa nechipo. Asi kupodzwa chimwewo chinhu chakasiyana, munoona; Mwari vanozvicherechedza zvino, munoona.

73 Zvino, tinocherechedza, kuti, vanhu pavanenge vachireurura, vanofanira kuuya nohudzamu hwekuperera. Ndine pano, handina nguva yekuzviverenga, asi zviri kuBinghamton, New York, ndinotenda. Kana kuti, ndatadza? Hongu, Binghamton, ndinotenda kuti ndizvozvo. Kunzvimbo iyo kune Endicott Shoe Company. Binghamton, ndinotenda kuti inonzi Binghamton, Binghamton, ndizvozvo, New York. Takanga tiriko munzvimbo yeshangu yeEndicott-Johnson, odhitoriyamu huru, zvino takanga tiine musangano imomo. Zvino mamwe

mangwanani, Billy Paul aive mukamuri yakabatana neyangu, kuchitonhora zvikuru, nemhepo dzichivhuvhuta. Zvino ndakanga ndawana, pakati pevanhu, zvaiita sokunge, kushaiwa kuperera. Zvino nda—ndakashaya kuziva kuti sei. Hepanoi paiva nemumwe murume akanga apodzwa, chinangwa, kana kuti mumwe murume iyeye—iyeye chaiye wandiri kutaura nezvake. Murume uyu akanga aine dambudziko rakakura kwazvo, zvino akapodzwa usiku uhu amire ipapo. Zvino tisati taenda, mazuva mashanu, dambudziko rakadzokazve paari. Maona? Nokuti, muHupo hweMweya Mutsvene, Wakaribvisa paari. SezvaWaita mudzimai muduku uyu munguva shoma yapfuura kunze uko muruvanze, murume wechidiki usiku hwapfuura, munoona. Asi panofanira kuva nokuperera kwakadzama kwekuziva kuti uyu Mwari anokwanisa kuzvibvisa pauri zvino, nechizoro chimwe chete pauri, anokwanisa kuchiita kuti chigarire kure newe. Maona? Zvino Mweya Mutsvene wakataura neni mamwe mangwanani, kuda mambakwedza, ndokuti, "Enda papuratifomu kana kumwewo, uye ugounza vanhu ava kumusoro ikoko ugovaita kuti vareurure zvose zvavakaita, usati wavanamatira." Maona? Kuperera kwakadzama!

74 Kunze kwekunge nyika yatendeuka, ichatoparara. Maona? Zvino kureurura ndiko kunodikanwa nenyika nhasi, kureurura kwakatendeka.

75 Zvakafanana nemushonga wechirwere. Tose tinogona kuverenga pabhotoro kuti imhandoi yemushonga uye kuti chirwere chipi cha—chaunorapa. Asi, munoziva, kuverenga mashandisirwo, ndichazvienzanisa neBhaibheri, zvikoro zvedu nemaseminari vanokwanisa kuverenga Shoko rose. Asi, munoziva, kungoverenga zvemashandisirwo uye nokuti unoutora sei, izvozvo—izvozvo hazvipodzi chirwere. Maona? Zvine—zvine mushonga, saka unofanira kutorwa! Saka munhu anogona kuti, "Ndiri mu—mudzidzi webhaibheri. Zvino, musataure neni, ndi—ndi—ndi . . . pamusoro pezvakati nezvakati, ndinoziva Magwaro. Ndi—ndinoziva kuti Bhaibheri rinotaura zvokuti nezvokuti, *kuti*."

76 "Uyo anonzwa Shoko raNgu," Mutsvene Johane 5:24, semuenzaniso. "Uyo anonzwa Mashoko aNgu nokutenda kune Uyo akaNdituma, ane Upenyu Husingaperi." Kana kuti, King James inoti "nokusingaperi," ndiko "Ziendanakuenda," chaizvo izvo. "Ane Hupenyu hwemunaZiendanakuenda nokuti atenda." Vanhu vazhinji vanoti vanotenda. Zvino, ichocho ichokwadi. Gwa—Gwa—Gwaro ndere chokwadi. Ndi—ndiri kuverenga Gwa—Gwa—Gwaro remushonga, ndiri kuverenga zviri Gwaro remushonga, neMushonga wechivi changu, asi ndinokwanisa here kuUtora? Ndinokwanisa here kuutenda? Ndinogona kuti "Ndinotenda," asi ndinotenda here? Ndicho chinhu chinotevera. KungoRiverenga woziva mashandisirwo, hazvipodze chirwere. Dambudziko heri (kwatiri isu) hatitore

zvinotaurwa neMushonga kuti tiite. Tine Mushonga, asi hatiUtore. Tinoti tinozviita, nokuti tinogona kuUverenga; asi kunyatsoUtora, hatizviite. Munoona, ndiyo nzira imwe chetewo neEvhangeri, mushonga, pakadai. Kana murwere . . . Uye mushonga wakaonekwa kuti unorapa murwere, uye murwere anoverenga zvose zvine chekuita ne—nezvekuwanikwa kwemushonga uyu, uye vanoziva wese mushonga uri imomo, vanoziva mazita ose e—esainzi anowanikwa mumushonga uyu, seSalk vaccine nezvimwewo. Kana ti—kana tikaziva Shoko rose nezvaWo, asi toramba kuUtora, haUtibatsire. Munoona, Iwo—Iwo hautibatsire.

77 Ko, zvino sei tichiti, "Asi takautora!" Zvino kana uchiti wakautora, apa murwere oshaya chinoitika paari, haana kuutora. Ndizvo zvoga. Ko sei, dai wachi iri pamadziro yanga isiri inoshanda zvikuru, munoona. Ndiri kuda kugara pano uye nokuunza zvakasimba kuvanhu vedu—vedu, sezvo Evhangeri yakaratidzwa pazvinhu izvi, uye vanoti ivo vanoItora, zvino vanoratidza kuti havaItore! Ko munhu angaverenga sei Magwaro pamusoro pechinhu chiduku chandinotaura nezvacho, zvemadzimai ane vhudzi rakagerwa pamwe nokupfeka zvikabudura, nezvimwe zvakadaro, ko vangazvidana sei kuti Makristu apo iwo Mushonga Wacho uchiti zvakasiyana! Maona? Sei? Unoti, "Asika ndakatamba muMweya, ndakataura nendimi." Hazvina chimwe chete chazvinoreva. Hupenyu hwako pachako hunoratidza kuti hauna kuUtora! Maona? Unoti wa—wakaUtora, asi hauna! Nokuti, uchiri kuratidza zviratidzo zvose izvo zvinofanira kunge zvichirapwa neMushonga. Zvino Mushonga, mumutsara weEvhangri, kurapa kusingakundike! Zvinotofanira kudaro. Zvino, munoona, unofanira kuratidza zvibereko.

78 Ukatora munhu anozviti ari, "Ndiri. Ndiri mutendi. Ndinotenda." Regai Chiedza cheEvhangeri chivarove, hama, vanoUtora iye zvino! Uye vanoratidza zvibereko. Zvirokwazvo. Hauzomboona murume uyu muimba yemutambo wemunyika zvakare, hauzomuoni kunze uko aine mudzanga muruwoko rwake, hauzomuoni achinwa. O, kwete. Haumuone achitamba nemamwe madzimai. Kwete, kwete, kwete. Handina basa kuti vanokandira zvakadini nyama yavo yemadzimai pamberi pake, anotendeutsa musoro wake akatarisa muchadenga zvino otarisa kunaKristu. Chii? Zvinoratidza kuti Mushonga wakashanda. Zvino kana Ukasashanda, unoti, "Ko, ndinoziva kuti ndakaUtora," saka, zvino uripiko nhasi zvino? Uri kufa. Unoratidza! Ndakakutarisa ndichiongorora nyaya yako, ne—neBhaibheri, kuti uchiri muchivi. Zvino mubairo wechivi rufu. Usafunge kuti zvinofanira kujekeswa zvinodarika apa. Munoona, maitiro ako anoratidza, maitiro ako anoratidza kuti hauna kuUtora. Waka*funga* kuti wakazviita. Ameni. U—unogona kunge wanga wakaperera mukuzviita, asi hauna

kuzviita! Nokuti, kana wakazviita, Mwari vakavimbisa kuti Unoshanda pauri. Zvino chivi chakare chichiripo, hunhu hwakare hwaAdhama huchiri kudzengerera ipapo, kusatenda kwakare. Asi unoedza kuzviita, pamberi pevamwe vako, woti, "Saka, ndiri mutendi. O, Mwari ngaarumbidzwe! Hongu, ndiri mutendi." Asi, unoona, haUna zvawakakubatsira.

79 Pamwe iye murwere pachake haana kumbobvira atemerwa ku—kuMushonga. Kana zvakadaro, haUmboshandi. Ndizvozvo chaizvo. Muri kuona?

80 Asi tarirai mudzimai muduku uya asina hunhu apo Chiedza chakamurova, pane chimwe chinhu chakange chirere imomo chaizorapa chinhano chake. Maona? Kana tikatenda nokureurura zvakaperera, Mushonga uyu wenzira yaMwari unobva washanda. Mwari vane nzira yavakapa yezvinhu izvi.

81 Zvino, munoona, munhu anoenda, oti, "Handiti, ndakajoinha kereke. Zvakatoringana kwandiri." Handiyo nzira yakapiwa naMwari.

82 Nzira yakapiwa naMwari kutendeuka, kureurura, nokuratidza zvibereko, kuunza zvibereko zvakakodzera kutendeuka, kuratidza kuperera. Kana imi vanhu mukangozviita mangwanani ano, imi muri kuzonamatirwa! Uye nemi vanhu vanonzwa tepi ino, pasi rose, uye mushure mokunge tepi iyi yaridzwa zvino mushumiri kana ari kuiridza muboka reungano kunze uko mumasango kana chero kwauri, ari kuiridza, unotanga wareurura zvakajeka, zvadaro zvino wouya usina kana chinhu mumoyo mako zvachose, kunze kwekutenda, kuzonamatirwa, ndizvo Mushonga unorapa.

83 Jesu akati, "Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu!" Ndinoreva Petro akadaro neZuva rePentekosti, "Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene." Kana ukatendeuka zvizere nokutenda munaShe, zvino wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, unoita Mwari munyepi kana ukasagamuchira Mweya Mutsvene. Kana . . . Jesu akataura izvi, kutumwa kwekupedzisira kukereke yaKe, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa mawoko avo pane vanorwara, vachapora." Uye munoona zviratidzo izvozvo zvichitevera mutendi, zvino iwe ukauya zvino mutendi uyu oisa mawoko pauri, zvino poshaikwa chinoitika, zvikadaro panenge paine chakatsveyama nokutenda kwako. Maona? "Mutendi!" Mwari vakavimbisa nzira yakapiwa.

84 Tinoedza kuwana kunyaradzwa tichiti, "Handisungirwe kuteerera." Kwete, ichokwadi, hausungirwe kuteerera.

85 Asi kana wakatemerwa kuHupenyu Husingaperi, unoZviteerera uye unofara nokuda kwaZvo. Ndiko Kunyaradzwa kwako. Ndicho Chinhu chawashuvira upenyu hwako hwese. Ndiro—Ndiro Parera riya, rokuti, wa—

wakagadzirira kusiya zvinhu zvose. Maona? UnoRida nokuti unoziva kuti ichengetedzo yerudo yaMwari kwauri. Chimwe chinhu chinopedza dambudziko rechivi, kupedza kusatenda, kupedza zvose, kwauri, kana uchiRida. Ndeuyo ari kunyatsorwara uye achiziva kuti ari kurwara, anotsvaka chiremba. Maona? Kwete uyo asiri kurwara, haamude, Jesu akadaro. Asi ndeavo vanorwara. Kana ukagona kucherechedza chinhano chako, zvadaro unofanira kuita sezvaAkataura kuti uite. Zvadaro zvinofanira kuitika, kana kuti Mwari vakataura chimwe chinhu chisiri icho. Maona?

86 Vanhu vazhinji dzimwe nguva, shumiro dzekupodzwa, hautangire kubva pasi pacho. Unofanira kuchenesa hupenyu, unofanira kunge uri muchinhano kwacho, unofanira kunyatsoti, "Hongu, ndinoZvitenda," uye zvinofanira kubva mumoyo mako. Zvadaro iwe, hapana anozofanirwa kukubata sekamwana, achiti, "Zvino, o, hama inodikanwa, hanzvadzi inodikanwa, unofanirwa kuita *zvakati*, unofanirwa kuita *zvokuti*." Uri mutendi, hapana chinokwanisa kuZvibvisa pauri. Handina basa nezvingataurwa naani zvake, angave upi munyaradzi, angave upi munyaradzi, angave upi chiremba, chingave chipi chipatara, kungave kuongororwa kupi zvakungataura, nyangwe zvakadaro hauzvitendi. UnongoZviziva! Hapana zvazvinobatsira kutaura zvimwewozve zvakare nezvaZvo, unoZviziva! Zvino, ndicho chinhu chemazvirokwazvo.

87 Tine kutevedzera kwakawanda muzvinhu zvose. Zvinotofanira kudaro. Usanzwe kuipirwa nokuda kwazvo. Zvinofanira kuvepo. Zvagara nguva dzose zvakadaro uye zvichadaro. Asi ndiri kukutaurirai mangwanani ano Chokwadi uye neumboo hwezvazviri. Tave panguva yekuguma. Tinofanira kurovedzera chinhu ichi paChokwadi, munoona, uye ugoita kuti izive Chokwadi.

88 Zvino tinoona kuti vanhu havatore nzira yaMwari pazviri. Vanoda, ivo. . . Mwari vane nzira yaVakapa kuti unyaradzwe. Mwari vane nzira yavakapa yezvinhu zvose izvi. Asi vanhu havaIde, vanhu vanotevera dzimwe nzira. Uye nguva dzose pavanozviita neimwe nzira isiri nzira yaMwari, vanounza hasha dzaMwari pavari nguva dzose pavanozviita. Zvakanaka.

89 Zvino zvinhu zvose zvandataura nezvazvo, zvinotisvitsa pokuti, nyika, avo vose vari kutevera kumwe kubudirira kwesainzi, vachitevera kubudirira kwekereke, vachitevera zvinhu zvakasiyana-siyana zvatisvitsa kumagumo enyika. Tave pamagumo. Hapachisina kana tariro yasara. Hatichisina tariro yekurarama. Hatitomborina kana mukana mumwe chete wekurarama. Zvino chingondiregai ndizvitsanangudze kwemaminitsi mashoma, uye ndigozviratidza kwamuri.

90 Uye mumwe nomumwe wenyu, tora, kana usina, unofanira kutora bhuku rekurapa, unofanira kutora Reader's Digest,

nezvakadaro, kwaunoverenga zvekubudirira uku. Zvino kuita . . .

91 Mumwe mushumiri ari pano ari kutumira Mharidzo ino pasi rose. Kuita chitaurwa chakadaro, chokuti hatichisina tariro, kuti hatichagona kudzikinurwa, kuti tadarika mutsara wepakati perudzikinuro nekutongwa, zvino ndinofanira kupa ungano zvikonzero zvekureva chitaurwa ichi. Panofanira kunge paine chikonzero chokuti munhu, kuti kana aine pfungwa dzake dzakakwana sokufunga kwandinoita kuti ndizvo zvandiri, agoita chitaurwa chakadaro, kuudza nyika yake, kuudza ungano yake, kuudza vanhu kwachichaenda pasi rose munyika makumi matatu kana makumi mana dzakasiyana-siyana, zvichida, kupoteredza pasi rose, nevanhu nendimi, kuti "tave panguva yokuguma," takasungirwa kupa chitaurwa kana—kana—kana kutsanangura zvishoma zvazvo dzamara tasvika pachidzidzo chedu chemangwanani ano.

92 Onai, zvino ngatitarisei pane kwatasvitswa nesainzi nedzidzo, zvino ndicho chinhu chaicho chakagamuchirwa nemunhu panzvimbo yeShoko raMwari, kugamuchirika nesainzi. Zvino sainzi yagara ichidzosazve zvavanenge vambotaura. Ndaiverenga pano pane imwe nguva yakapfuura apo mumwe munhu wesainzi wechiFrench akati, kuda mazana maviri emakore akapfuura, kana mazana matatu, "Kukungurutsa bhora panyika," uye ndokuti, "kana bhora iri, richimhanya sokuti . . . kana nyika ikagadzira imwe mhando yechinhu chinogona kuvaita kuti pavanoenda vange vachimhanya kwemamaera kubvira pamakumi matatu paawa imwe chete, zvimwe zvakada kudaro, kutenderera nyika," kuti akazviratidza nesainzi, "kuti icho nehuremu hwacho chinosimudzwa nesimba regiravhiti kubva panyika." Muri kuona? Iye zvino, munofunga here kuti sainzi ingadzokera kunotaura nezvemuchinda uyu? Kwete zvemazvirokwazvo. Zvakatopfuura, kwavari.

93 Zvino, ngatingofungai zvino, tose tinoda kuti, "Ndinoda kuzviedza nesainzi." Ndizvo zvinotaurwa nemasangano akawanda evanhu vezvokunamata nhasi. Vanoda umboo hwesainzi. Saka, ndinogona kunyatsotendeuka zvino ndoti, "Ndiratidze nesainzi, Mwari muungano yako. Ndiratidze chero chinhu, nesainzi, chiri chemazvirokwazvo. Ratidza . . . "

94 Chii chemazvirokwazvo? Upeyu. Ndinoda kuti unditengerewo hwemasenzi makumi maviri nemashanu, kana—kana rega nditengese zvose zvandinazvo, kuti ndiwane chikamu chehupenyu. Uye hupenyu ndehwemazvirokwazvo here? Kana husiri, ko tose tiri kudei pano?

95 Upenyu, kutenda, rudo, mufaro, rugare, moyo-murefu, kupfava, hunyoro, kutsungirira, sainzi haikwanise kuzvibata. Zvino ndicho chinhu choga chiripo chemazvirokwazvo, chinogara nokusingaperi. Hanzu dzose dzekurwa dzeChikristu

kutarisa kune zvisingaoneki. Asi manzwiro emunyama haakwanise kuratidza zvinhu izvozvi, asi zviripo. Ndicho chikonzero zvichitora kutenda kuzvitenda, uye zvinoumba mauri izvo zvaratidzwa nokutenda kuti zviri kunze uko. Kunozviunza kwauri, kupodza kwaMwari nezvimwe. Havakwanise kuratidza kuti chii chinopodza zvehuMwari, asi vanoziva kuti pane kupodza kwaMwari. Ini . . . Havakwanise kuratidza kuti chii chinoponesa kubva kuchivi, asi vanoziva kuti vanhu vanoponeswa kubva kuchivi. Saka hazvikwanise kuratidzwa nezvesainzi, asi zviri musainzi iri mumaonerwo azvinoitwa naMwari.

96 Iye zvino, chii chakaunzwa nesainzi kwatiri? Zvino, munogona kuvhunduka kwechinguvana. Sainzi yakaunza kwatiri hurwere, rufu, nezvirwere. Zvino, makangodzidziswa divi rimwe chete renyaya yacho. Asi pane mativi maviri kwairi. Unoti, "Sainzi yakagadzira *ichi*, *icho, nechecho*." Zvakanaka, tichakupa mukana wacho. Asi ngatitarisei kune rimwe divi racho. Sainzi yakatiunzira hurwere. Sainzi yakatiunzira hosha, rufu.

97 Tarirai! Kusanganiswa kwembeu nesainzi zvaunza rufu kuchizvarwa, zvechikafu nezvimwe. Zvaita kuti vanhu vave kungorenguka uye zvokuti, kusvikira va—varume nemadzimai vagadzirwa nemurwi wemarara, uye hapana—hapana—hapana chimiro imomo. Rangova boka rehove dzejellyfish dzinotebvenyuka. Havakwanise kugara vasina muchina unofuridzira mweya unotonhorera, vanoparara. Havakwanise kutamba mutambo webaseball, kana mumwe wavo akagumwa pamwe panhu, zvinomuuraya, munhandare dzetsiva nezvimwe zvakawanda. Zvino zvorenguka kusvikira varume nemadzimai, saka, zviri kuvatsveyamisa.

98 Zvino vari kubaya jekiseni remasanganiswa aya mumombe izvo zvazodzoka kuvanhu zvino, maererano nesainzi pachezvavo, zvino iri kuvatsveyamisa. Nokuti, kana mo—mombe yave yemasanganiswa, kana chero chikafu chiri chemasanganiswa, chikafu ichochi chinogadzira chizenga cheropa, zvino chizenga cheropa ndihwo hupenyu hwako. Munoona zvazvaita? Uye zvino, munyama, vanobaya imomo majekiseni aya munyama, zvino zvakaonekwa kuti majekiseni aya ane zvaanoita parudzi rwevanhu. Zvesainzi!

99 Vanofirita minda neDDT iyi, ndakaona pane rimwe zuva, uye zvino tine vanhu mazana masere vari kurwara munharaunda ino nokuda kwekudya mazai. Munorangarira here makore apfuura pandakatanga, taiva nekachivakwa kaduku pano, zvino ndaiporofita, ndokuti, "Zvichaitika kuti nemazuva okupedzisira, usagare mumupata uye usadye mazai." Ndinazvo mubhuku rangu. Ndakafunga kuti paiva nechimwe chinhu pamusoro pazvo, zvino ndakaenda ndokunozvitarisa. "Usadye mazai." Kwaiva kare-kare muna 1933. Mazai ane zviri maari

zvino, uye ndinoona apo sainzi inotara kuti murume adarika makore makumi mashanu haafanire kutombodya zai, nokuti ndicho chinhu chakanyanyisa kuomarara pamoyo wake pane zvingadyiwa. Hosha!

100 Mukaka, zvakange zviri pakuti kudya kwedu kwaive kwakanyatsokwana waive mukaka. Vanachiremba vanokuudza kuti, "Garira kure nawo." Uri kuita chirwere chedzihwa nezvimwe zvose. Ndiye munhu mumwe chete aimbounwa orarama kwemakore uye asingamboziva dzihwa, asi zvemasanganiswa pakubereka nezvimwe zvakadaro zvapwanya muumbwa wevanhu kusvikira wangove murwi wemarara, bhora—bhora rehurwere. Chii chakazviita? Sainzi!

101 Tarirai! Zvakonzera zvizenga pakati pemu—murume nemudzimai kuti zvipere simba, kurukutika kwemuviri wemunhu, kubudikidza nezvizenga, uye vana vanogwinha vawedzera nezvikamu zviri kumakumi matatu kubva muzana. Hudzenga hwechiMongolian huri kuwanda zvikurusa. Zvino hutera uhu hwemasanganiswa echikafu chatiri kudya kuti tive neupenyu, zviri kurukutisa muviri, zvinokonzera kenza, dambudziko repfungwa, nemhando dzakasiyana dzehosha zviri kupinda mumuviri wemunhu nokuda kwekuti pane hutera. Zvesainzi, vari kuzviparadza, vachibva pahurongwa hwaMwari.

Akati, "Mbeu yoga-yoga ngaibereke zverudzi rwayo." Um-hum.

102 Munoona here patave? Ndinogona kuramba ndichienderera mberi; nguva yedu yave kupera. Asi, cherechedzai, chii chiri kuzviita? Sainzi yakaunza rufu, hurwere, nekuparadzwa.

103 Uye ndakaona pane rimwe zuva, pandakanga ndiri kutaura neshamwari yangu yakanaka, Doctor Vayle vagere pano, apo pane chinyorwa chinotaura kuti vanhu vari kuuraiwa nepenicillin. Chaizvoizvo haisi penicillin, itsvina yavanotendera kuti ipinde mairi pavanenge vari kugadzira penicillin. Hurongwa hwekuita mari, hwehundyire. Vanachiremba vari kuipa pane dzimwe nguva vasingatomboziva zvavo hurongwa hwakagadzira aspirin, zvino baba vavo vanovatumidzira kuti vanova va—vanamazvikokota mune zvimwe zvinhu, uye apa vasingatombogoni zvavo kana kurapa mudumbu memwana munorwadza. Saka zvino tinei? Hundyire, kumwe kukakata, kana chimwe chinhu chiduku. Havachisina zvachose chiremba uye wakare wemudunhu uyo aipota achiuya zvino otaura newe nokukunyaradza nokuita zvinhu zvose. Vanosiya Mwari zvachose munyaya yacho, nokuti vaenda vachitevera nzira yavo pachavo. Kuti vabvise Mwari munyaya yacho, vakatsanangura zvinoMuisa kure. Hezvoka patave.

104 Ndizvo zvatakaita nokusanganisa mbeu. Munoona, mutumbi . . . Chinogadzira chirimwa chine hutano, hutachuona haumbokwanisi kusvika kwachiri. Ndeizvi zvirimwa

zvinodyarwa panodziiswa, zvirimwa zvemasanganiswa zvaunofanira kugara wakafirita nguva dzose. Uye vazhinji venyu makaverenga mharidzo yangu yokuti *Chinamato Chemasanganiswa*, unogara wakaifirita nokuibata semwana ne—nezvimwe zvakadaro. Cherechedzai, asi mbeu chaiyo yemazvirokwazvo haifanire kufiritwa, ndeye pakutanga.

105 Chii chinoita kuti hosha iuye kumutumbi wemunhu? Mutumbi . . . Sekuudzwa kwandakaitwa nachiremba shamwari yangu yakakosha, uyo wandisingadi kudoma zita rake iye zvino, asi ihama yakanaka kwazvo, achindiverengera kubva mubhuku rezvokurapa, bhuku riri muhofisi yake umo maanochengetera mabhuku ose aya akanaka nezvose zvitsva zvekurapa zvanachiremba. Hutera. Munocherechedza chero munhu akanyatso . . . Unoti muviri wako warukutika, unobva wabatwa nedzihwa nokukasika. Chii ichocho? Hutera hwemuviri wako hunobuditsa dzihwa kubva munhengo dzako dzemukati. Zvino, imomo, hutachuona hwedzihwa hunobva hwagaramo zvino wobva wava nedzihwa. Asi dai mutumbi uyu wainge wakasimba, waikandira kure hutachuona hwedzihwa, hawaimboubata.

106 Saka, munoona, Mwari pavakagadzira munhu pakutanga, aiva asina chirwere chaigona kumubata. Maona? Asi kusatenda nesainzi, sainzi nedzidzo ndicho chakava chinhu chokutanga kubvisa munhu panaMwari, uye chichiri kumubvisa.

107 Ingoonai izvo midzanga yefodya nekunwa doro, pamwe nenzenza idzi dzinokurura nguwo nezvimwe zvakadaro, zvazvaita pakuderera kwechizvarwa chino. Ndinofungira kuti munogara muchinetseka . . . Ndiri kuda kuita chitaurwa pano. Ndanga ndisiri kuzozviita, asi ndinotenda ndichazviita.

108 Munoona, vanonetseka pane dzimwe nguva, vanogara vachindiudza, "Hama Branham, chii—chii chinokuitai kuti mugare nguva dzose muchitsiura zvinhu zvakadaro? Hamuzvinzwe . . . Toti maenda kukereke yemumwe munhu, sei, ndinogona kutora vanhukadzi vekwangu uye havakwanise kugara vakadekara pamunenge muchitaura. Munogara nguva dzose muchivatsiura, handiti, nokuda kwevhudzi ravo pfupi, pamwe nokupfeka hanzu dzevanhurume, pamwe nezvimwe zvinhu zvose izvi zvakadaro. Saka, ko munozviitireiko?" Zvino ndi—ndi—ndiri . . .

109 Ino inogona kunge iri iyo Mharidzo yangu yokupedzisira kusvikira zhizha rinotevera, munoziva, asi ndinoda kukuudzai. Hezvinoi izvi. Mweya wekunzvera wemazuva ano okupedzisira, unoziva kuti ichi chinhu chakatukwa pamberi paMwari. Ndinongonetseka pane dzimwe nguva kana mushumiri aine kunzvera kwemazuva okupedzisira? Iye Mwari chaiye anotaura papuratifomu pano zvinhano zvenyu pamwe nezvamakaita, uye—uye nezvamunezenge muchazova, ne—nematambudziko amunawo, ndiwo Mweya mumwe chete uri

mauri unotarisa kunze uye unokwanisa kunzvera zviratidzo zvenguva, zvino haUkwanise kurega kuramba uchidanidzira. Mweya wekunzvera, nokuti Mweya Mutsvene pachaKe anoti chinhu ichochi chivi, uye wese anozviita achaparara. Ko zvino ndingaruramiswa sei mumaziso aMwari, uye ndichiona hanzvadzi nehama dzangu vari muchinhano chakadaro, kana ndikasadana ndichizvipikisa? Kunyangwe kana vakandishatiririwa, ndinofanirwa kudanidzira ndichizvipikisa. Kunzvera. Dzimwe nguva vanopesana paShoko nezvimwe zvakadaro, uye kushaikwa kwekunzvera. Uya uzviongorore neShoko. Maona? Munoona, ti—tinoziva kuti ndizvo chaizvo. Zvakanaka, izvi, tinoziva kuti ichokwadi. Kunzvera kwemazuva okupedzisira.

110 Zvino tinoona nezvesainzi, ha—handichadi kuramba ndichienderera mberi pazviri, nguva yangu yave kutiza. Zvino ngatitarisei kechipiri padzidzo tigoona zvayaita. Maona? Zvino tine makereke maviri epasi rose.

111 Zvino, tinocherechedza kuti, kuti kwaiva kushandisa njere, kushandisa njere kwamazuva ose kwakaita kuti bhora rechivi ritange kukunguruka pakutanga. Kwaiva kushandisa njere pai? Kushandisa pfungwa zvichipikisana neShoko raMwari. Mwari pavakaudza Adhama naEvha, "Musi wamunoudya, musi iwoyo munofa." Izvozvo zvakaringana, ndizvo zvose. Uye Akavachengetedza kubva kumuvengi, seri kweShoko raKe. Asi apo Evha, achiteerera kupfungwa dzaSatani, munoona, tsika, kunzwisisa, dzidzo, budiriro, munoona, akabuda seri ikoko ndokuteerera kupfungwa dzaSatani, zvino ndokuita chinhu icho chakanzi naMwari "usaita." Zvino kana kushandisa pfungwa kumwe chete, kuteerera kupfungwa imwe chete inopesana neShoko zvakakonzera nyonganyonga yose iyi, kushandisa pfungwa kunopesana neShoko zvakare hakukudzosere kunzvimbo imwe chete here, nokuti hungava hupenzi hwakadini kunaMwari kudzosa munhu zvakare kuchinhano chimwe chete chaAkambomudzingira. Maona? Maona? Unofanirwa kuuya kuRopa raKristu rakadeurwa. Sangano rako harishande, kushandisa pfungwa kwako hakushande. IRopa nekuberekwa, zvino Rinogadzira mauri chisikwa chitsva, Kristu, uye unorarama nemaitiro aKristu, nokuti Mushonga waunotora unoratidza kuti Unouraya chivi chokusatenda, kunopesana nechinhu chose kunze kweShoko raMwari.

112 Dzidzo inotipa . . . Tine makereke maviri aripo mangwanani ano. Imwe yacho iKereke yepentekosti yakaitwa paPentekosti neMweya Mutsvene; yechipiri ikereke yeRhoma Katorike yakaitwa muNicaea, Rome. Imwe yacho kuberekwa pamweya; imwe yacho hunhengo hwekushandisa njere. Kubva pakereke iyi ndipo pakabva ose maProtestanti, masangano ose ndiko kwaakabva. Ndiro raiva sangano rokutanga. Masangano

ose akabva pane irori uye ane ukama naro, Zvakazarurwa 17 inodaro, "Yaiva mhombwe uye yaiva amai vezvipfeve." Ndizvozvo chaizvo. Saka hapana . . . Poto haigoni kuti kune ketero une tsvina, munoona, nokuti ndi—ndizvozvo, zvingori chinhu chimwe chete. Yakarongwa, yaparara, iri muRome. Handina basa kuti yakadini, yaparara! Bhaibheri, tichangobva mukupedza mazera ekereke aya, kuzviratidza. Imwe iri panheyo yokunzvera kwepamweya; imwe yacho imire pakunzwisisa kwedzidzo pamwe nepfungwa.

113 Zvino, izvozvo zvinotidzosera muBindu reEdheni chaimo zvakare, kudzokera panzvimbo imwe chete. Mudzimai (kereke) ndiye wacho akateerera, kwete Adhama, mudzimai! Zvino vanoda kuva amai kereke, endererai mberi! Ndizvozvo chaizvo. Hapana chiri kunze kwenguva. Vane kupupura kwavo kwavanoita, munoona. Munoona, kudzokera chaiko kuchinhu chimwe chete, kusatenda Shoko raMwari! PaNicaea, Rome, pakwakaita mubvunzo maererano norubhabhatidzo, pamusoro pezvimwe zvinhu zvakadaro, uye nezverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ma—mabhishopi pamwe chete vakaronga iyo yakava kereke yeRoma Katorike, iyo yaive Roma "yehumambo", zita rayo. Ndichangopedza kutora nhoroondo nezuro, nokuiteerera, nokuiongorora zvakare. Zvino yaizenge iri ye Rome yoga, muRome maiva nekereke yehumambo. Dzimwe dzose dzaingove makereke maduku anobatirana nayo, achingonzi Katorike.

114 Kereke yeduwo zvakare ikatorike, Kereke yepasi rose, kunova iko kutenda kumwe kwevatendi vose pa—pasi rose. Imwe yacho yakabarwa neMweya waMwari uye ine Mweya Mutsvene maIri, uye inoratidza neUpenyu hwayo, Dzidziso, nemaitiro, kuti Mweya Mutsvene arimo imomo, nokuti ndiYe Munyaradzi akavimbiswa naKristu—Kristu, achishanda mukereke yaKe, achiita chinhu chimwe chete chaAkaita pakutanga. Ndiwo mashandiro akaita Mushonga waKristu weruponeso pakutanga, ndiwo mashandiro aUnoita nhasi, unounza chinhu chimwe chete.

115 Imwe yacho kunzwisisa kwenjere kwesangano rakagadzirwa neboka revarume, iyo ine "chimiro chehumwari," sokutaura kwakaita muporofita kwatiri, "zvino ndokuramba Zvokwadi iyi yeSimba." Zvino, zvakangonyatsojeka sokuziva kwangu kuzviita.

116 Zvino, pane makereke maviri. Imwe yacho yakabarwa paNicaea; uye imwe yakabarwa papentekosti. Uye—uye dzagara dzichipesana imwe neimwe. Takapfuura nemumazera ekereke tikazviratidza, imwe inopikisana neimwe. Imwe yacho ikereke yakanaka, yakatsiga, yenjere ine vadzidzi vakanaka nezvimwe zvakadaro; imwe inoonekwa "seboka revaumburuki." Yaivepo pamavambo, "varauri vehove vakadhakwa, vasina kudzidza," uye ndizvo zvimwe chete nhasi, ichiri kungoiswa

muboka rimwe chetero. Imwe yacho ndeyesainzi; imwe yacho ndeyemweya. Imwe ndeyehurongwa hwesainzi; imwe ndeyekunzvera kwepamweya kweShoko. Imwe yakarongwa nesainzi, zvinotaurwa nemapoka evanhu, mubhishopi wenjere. Imwe yacho yakabarwa zvachose neMweya waMwari, uye ichirarama neMweya waMwari, uye inoita pamwe nokuita kuti maShoko akavimbiswa naMwari aitike. Zvinoratidza mushonga wauri kutora. Une mushonga wedzidzo here? Une Mushonga weMweya Mutsvene here? Maona? Zvakanaka.

117 O, hunyengeri huya hwaSatani! Kuti anokwanisa kunyatsobuditsa nyaya yacho, nepfungwa anokwanisa kuita kuti munhu asina kubarwa neMweya waMwari agotenderera nokutenderera! Uye hapana nzira, nenjere, yaungavakunda nayo. Hapana kana nzira.

118 Ndiko kunzvera nokutenda, munoona, kunzvera. Tinoona zvinorehwa neShoko, tinoRitenda.

119 "Zvino, Hama Branham, vanoti vane kunzvera." Zvinoka regai Mweya Mutsvene ugoita chaizvo zvaWakavimbisa kuti waizoita, zvadaro tinozvitenda. Maona? Heunoi umboo hwaWo.

120 Ko Mushonga wakashanda sei paWakarova munhu? "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda," Akadaro. Kana Mushonga wakarova ipapo, zvino zvakanaka. Maona? Saka vanotiunza . . .

121 Izvi zvinotiunza zvino, mukuvhara, mumaminitsi mashoma, saka izvi zvinotiunza kubva panaAbhero naKaini, kusvika pakutongwa kwenguva yaNowa, kubva ipapo chaipo pakuuya kwemazuva aNowa. Zvino, tisati tava nemutsara wekunamatira varwere, nyatsotererai pandiri kumhanya nemuMagwaro pano muchidzidzo chiduku—chiduku.

122 Tinoona apo mushure mokunge nyika yatora nzwisiso yayo yeShoko nepfungwa, varume ava vakava vanhu vakuru, varume vane mukurumbira. Bhaibheri rinotaura kudaro, Genesi 6:4. Varume vane mukurumbira vachidzingirira tsvarakadenga nezvakadaro, sezvakaita nyika yose. Tichangobva kupfuura nemazvo mu*Magetsi Matsvuku Ari Kuvaima,* takataura pane umwe usiku kuti madzimai achange awedzera runako mumazuva okupedzisira, kuti varume, varume vane mukurumbira, senyaya inonyadzisa muEngland nemuUnited States. Uye zvicharamba zvichibuda nerimwe ramazuva. Munoona, hamungoziva bedzi kuti zvipfeve zvinomirira kufonerwa nezvimwe zvose izvi ndezvei. Maona? Munoziva here kuti kune vasikana vatatu kune mumwe vanotengesa mumabhawa pane vari muchikoro chesekondari kana mukoreji? Vatatu kune mumwe vanotengesa mumabhawa pane vari muchikoro chesekondari nemukoreji. Munoziva here, chimwe chikamu kubva muzana, handikwanise kuchitaura iye zvino nokuti hachisi pamberi pangu, handina kuzvinyora pasi,

asi kuda chikamu chimwe kubva muzvitatu chevana vari muchikoro chesekondari munyika muno vakaonekwa kuti vanorarama zvisina hunhu kana kuti vakatozoenda kumba kunova vanaamai? Munoziva here kuti kutora penicillin yekudzinga chirwere chepabonde zvakaunza huori pakati pevanhu, zvokuti, chinhu chacho hachina kufa? Asi zvakadaro, munoona, Mwari vakati zvinozoshanya kusvika pachizvarwa chechina. Zviri kukonzera Mongolian nezvimwe zvose, uye vana vari . . . O, kuti chivi, chinonyengera zvakadini! Kuti ivo vanhu, vashumiri havamiri vachiparidza vachitsiura nzenza dzisina kupfeka dziri mumugwagwa, vovarega vachiimba mukwaya, nezvimwe zvose zvakadaro, uye nokuona kuti ndicho chinhu chaicho chaendesa nyika yedu mugehena, chaendesa rudzi rwedu mugehena. Ndizvo chaizvo. Saka zvino tinoona kuti mushure mokunge Mwari vafinhikana nazvo, sokutenda kwandinoita kuti Vadaro nhasi . . .

123 Iye zvino ndave kuuya kuchidzidzo changu. Ndine nzira isinganzwisisike yekuunza . . . Ndinofarira kuvakiridza zvinhu zvakawanda zvino ndozorova nyaya yangu. Zvino, tinoona kuti mumazuva aNowa, apo Mwari vakanga vari kuzotonga nyika, payakanga yasvika sepairi nhasi, nokuti Jesu akati yakadaro, Akaita hanyn'a here? Akaita hanyn'a here? Iye, zvirokwazvo Akava nehanyn'a. Akava nehanyn'a neiko? Zvino, mushure mokunge Atoziva kuti kutongwa kwaive kuri kuuya, uye atotaura kutongwa, Akava nehanyn'a neavo vaive nehanyn'a. Uye ndizvo zvimwe chete sezvazviriwo nhasi. Akava nehanyn'a kune avo vaida kuva nehanyn'a. Uye tinoona kuti akavatumira muporofita kuti avatungamirire, kutungamirira vanhu vaKe vasanangurwa kunzira yavo yakapiwa yekupukunyuka nayo. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Maona? Tinoona kuti Mwari vakachengeta vanhu vaVo. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

124 Tave pamagumo, uye tinoona kuti tave pamagumo! Hapana nzira yokuvakira pamusoro pekuora uku. Ko tingavake sei guta pamusoro pematongo akatsva eSodhoma neGomora? Ko tingazviita sei? Panongori nephoenix imwe chete yasara, zvino ndiko kuuya kwaIshe Jesu; o, ini zvangu, kucheneswa munguva Dzematambudziko, kuunzazve kudzoreredzwa kwenyika, kuvanhu vanongori mukuona kwaMwari uye vachirarama neShoko raVo.

125 Cherechedzai, Akava nehanyn'a neavo vakava nehanyn'a yekupukunyuka mumazuva aNowa, zvino Akavatumira muporofita. Zvino muporofita uyu akavatungamirira kunzira yakapiwa naMwari. Zvino, ndiyo nzira iyo Mwari yaanoita nayo zvinhu. Maona? Mwari vakataura naNowa, iro raive Shoko (rakanga risiri Shoko rakanyorwa ipapo), zvino ndokuudza Nowa kuti agadzire areka yokuponesa vanhu, uye nokuyambira vanhu vose kuti Aiva "nenzira imwe chete yeruponiso." Uye

murume uyu akanga ari muporofita akasimbiswa uyo akaratidza kwavari nzira yokupukunyuka nayo. Cherechedzai, vaive vakazvininipisa nevaive vakaperera vakanzwa murume uyu uye ndokumutenda, zvino vakapukunyuka. Vakapukunyuka chii? Rufu rwenyika yezvivi iyo yakanga iri kuparadzwa muzuva iroro, vakapukunyuka nzira yerufu iyo yakanga iri pamusoro penyika yose. Mwari vakava nehanyn'a! (O Mwari, batsirai kuti izvi zviende pakadzika-dzika zvino, mutsara wekunamatira usati watanga.) Mwari vakava nehanyn'a!

126 Vanotarisa panyika iye zvino nhasi, uye Vakadana uye Vakadana, zvino havana kugamuchira vakaramba. Paiva nomukana wokutendeuka pakutanga. Apo Mwari vakaudza Isaya kuti aende kunoisa . . . kuudza Hezekia kuti akanga ari kuzofa, Hezekia akatendeuka pakava netsitsi. Uye Mwari pavakaudza Jona kuti aende Nineveh agodanidzira achiipikisa, nokuti mumazuva makumi mana Vaizoparadza guta, vakachemera tsitsi pakava nokutendeuka. Asi pavanodziramba, hapana chimwe chasara kunze kwekutongwa! Uye nyika yaramba Kristu. Varamba kuteerera pakudanwa, saka hapachisina chasara kunze kwekutarisana nekutongwa.

127 Zvino, ko Mwari vane hanyn'a here neavo vanenge vatendeuka? Akavagadzirira here nzira? Iye zvino tave kuzoona zvaVakaita munguva dzakapfuura.

128 Munguva yaNowa, Akava nehanyn'a! Akatuma muporofita, zvino A—Akaunza nzira uye iYe ndokuvaratidza nzira, uye Akavagadzirira nzira yokupukunyuka nayo zvino ivo ndokupukunyuka kutongwa. Akavawozve nehanyn'a navo. Tinoona kuti Anovaunza panzvimbo yokuti Iye, mumazuva okupedzisira, kusvika apo (ezvose) kutongwa kukuru kusati kwasvika, Akava nehanyn'a zvikuru navo kusvikira Akagadzira nzira yavaikwanisa kupinda mairi umo mavaizova vakasununguka kubva pakutongwa kwese kwaiuya.

129 Zvino, Akazviita kuva—Vasanangurwa. Zvino, tinozviziva. Akazviita kuVasanangurwa, kune Vasanangurwa voga, zvino! Ndivo avo vakanga vagamuchira chizenga cheUpenyu. Ndivo avo vakanga vakatemerwa kuzviona. Ndivo vacho. Isu tose, kana tichitenda Bhaibheri, tinofanira kutenda mukutemera. Maona? Ndizvo chaizvo. Kwete kuti Mwari vanoda kuti pave nemumwe anotambudzika, asi Akaziva vaizoIgamuchira nevaisazogamuchira.

130 Vakava nehanyn'a nevanhu Vavo vakasanangurwa mumazuva okuparadzwa kweEgipita. Vakanga vari zasi ikoko muEgipita zvino ndokubva vava varanda. Mazuva aMosesi, Vakava nehanyn'a nevanhu. Vakavatumireiko? Muporofita, zvakare. Ndizvo here? Zvino Vakapatsanura vanhu vavo kubva kunyika isingatendi, kubva pakutongwa kwaive kuri kuuya kwezuva iroro. Vakazviita here? Vakava nehanyn'a apo Egipita yakanga yaunganidza chivi chayo kuenda mudenga

kusvikira Mwari vakatozotumira kutongwa, nokuti Vakanga vatofanoudza Abrahama, "Uye ndicharanga rudzi urwu." Saka panzvimbo yokudurura hasha dzaVo pamusoro pavo vose, vakatumidzira hanyn'a yaVo kwavari. Vakatumira Munyaradzi waVo kwavari. Vakatumira Shoko raVo kwavari. Uye nguva dzose Vanotumira Shoko raVo nemuporofita waVo, sezvaVakaita munguva yaNowa. Vakaita zvinhu zvimwe chete munguva yaNowa. Mumazuva aEri-. . . aMosesi, tinoona kuti Vakaita chinhu chimwe chete. Vakavatumira muporofita waVo, zvino ndokuzvipatsanura kubva pakusatenda. Zvino, ndiyo mhando yakabuda. Ndiyo mhando yevakaZvitenda. Vakatenda Mosesi, kuti akanga ari. . . Mumaziso aFarao, aiva mupengo, aiva muiti wemapipi, aiva munyengeri, aiva chimwe chinhu chakaipa. Asi kune vanhu vaive vakasanangurwa, vakabuda zviri maererano neShoko raMwari ("Ndichavaburitsa"), aiva muporofita kwavari. Aiva nzira yakapiwa naMwari. Uye iyewo zvakare. . . Cherechedzai, vakamutenda nokupukunyuka kubva pakutongwa kwezuva iroro. Vakatenda Mosesi.

131 Uye Akati Akavawozve nehanyn'a yokuvabuditsa, uye Akavachengetedza parwendo mushure mokunge vabuda. Ameni. Sezvazvaiva panyama, izvi zviri muchiyero chemweya. Akava nehanyn'a! Sei? Akapa zvose zvavaida pavainge vari parwendo. Akadaro here? Akavapodza pavairwara. Akapa kupodza, Ane nzira yaakapa pahurwere hwavo. Akapa nyoka ye—yendarira, kuti vaigona kutarisa panyoka iyi yendarira, mucherechedzo wechivi, vobva vapodzwa. Akavapa chokudya pavaiva munzira, pakanga pasina chingwa Akanaisa chingwa kubva Kudenga. Akavapa chokudya. Kwete izvozvo zvoga, asi Akavapa zvokupfeka, kuratidza kuti Ane hanyn'a neavo vane hanyn'a.

132 Kana vakagadzirira kureurura nokutendeuka nokutenda nokugamuchira, Mwari anoita hanyn'a! Asi unofanira kuve nehanyn'a kutanga, unofanira kugamuchira zvaAkakutumira. Akanyatsovaririti ra kuitira kuti vagova nechokwadi kuti hapazova nokukanganisa, Akasimbisa muporofita waKe nechiratidzo cheShongwe yeMoto, kuitira kuti vanhu vaone kuti akanga asingori murume uyu akanga ari kufamba pano, kuti akanga ari Mwari akanga ari pamusoro pake, Ndiye Uyo akanga ari kutungamira nzira. Mwari ane hanyn'a nevanhu vane hanyn'a. Mwari ane hanyn'a neavo vane hanyn'a naYe. Saka akasimbisa murume uyu nokuratidza kuti akanga ari muranda waMwari, nokuvatumira Shongwe yeMoto kuti ivatungamire kunyika yacho chaiyo. Uye vaiziva kuti chero chiratidzo ichi cheMoto uyu, Shongwe yeGore neMoto yakanga iri kuvatevera. . . Akati Iye "haana kubvisa Shongwe yeMoto neGore." Akanga ainavo kwemakore nemakore murenje, makore makumi mana. Ndizvozvo here? Shongwe yeMoto iya yakavatungamirira! Tiri mugore redu

remakumi matatu nematatu, zvichisiya mamwe manomwe zvinozofananidzira zvimwe chetezvo. Zvakanaka, Shongwe yeMoto yakavatungamirira. Akava nehanyn'a navo. Akava nehanyn'a zvakanyanya navo kusvikira Akangovaita kuti vazive kuti—kuti chakanga chisiri chimwe chinhu chesainzi, kwakange kusiri kumwe kukanganisa, asi Akasimbisa Mharidzo, achiIratidza.

133 Akava nehanyn'a zvikuru kumudzimai aiva wekunze, asiri weIsraeri. Akanga asiri weboka iri, asi aive wekunze, muPresbyterian, muMethodist, kanawo zvimwe, aive kune rimwe divi. Asi paakanzwa! Zita rake ainzi Rakabhi, aigara . . . aiva chipfeve. Asi paakanzwa kuti Mwari aive Mushongwe yeMoto achivatungamirira, iye akati regai . . . akadana kunaMwari, zvino akaratidza tsitsi kuvatsori vakanga vauya kuzoongorora nyika. Zvino nokuda kwekuti akava nehanyn'a pachake iye nevanhu vake, Mwari akava nehanyn'a naye. Kusvikira pokuti chipfeve ichi chakapira upenyu hwacho kunaKristu, kuBasa iri, nokuti akanga aona chiratidzo chaMwari weMweya, uye akashumira vamwari vake imo musangano rake. Asi paakaona chiratidzo chikuru cheMweya, akadanidzira ndokukumbira tsitsi, uye netsitsi kumhuri yake, uye Mwari vakava nehanyn'a zvikuru naye zvokuti guta rose rakawira pasi, rimwe pamusoro perimwe, asi hapana kana dombo rimwe rakabva paimba yake. Ane hanyn'a! Kunyange aive wekunze, akanga asiri muboka panguva iyi, asi Akava nehanyn'a. Ane hanyn'a nguva dzose.

Akava nehanyn'a naEria apo iye, uye iye oga, akava nehanyn'a naMwari.

134 Hareruya! Ndipo pazvinosvika. "Isa kufunganya kwenyu paaAri, nokuti Anokuchengetai." Petro, ari kutaura nevakuru vasanangurwa, vakuru nevamwe mukereke, akati, "Isai kufunganya kwenyu paAri, nokuti Anokuchengetai. Isa zvinhu zvose ipapo, nokuti makachena pamberi paMwari. Muri—muri kufamba sevaranda vaMwari."

135 Mwari vakachengeta Eria nokuti Eria akava nehanyn'a naMwari. Vamwe vaparidzi vose vakanga varasa chiratidzo chezuva iroro, vakanga varasa kuda kwaMwari nerudo rweShoko raVo, uye zvose zvakave zvechimanjemanje. Asi zvisinei kuti Jezebheri akanga avaita vechimanjemanje zvakadini, mudzimai wemutungamiri wenyika, zvisinei kuti vamwe vaparidzi vakanga vachirega madzimai kuti vaite zvavaiita. Eria akazvitsiura, muZita raShe. Akaita hanyn'a nezvakataurwa naMwari, uye Mwari vakaitawo hanyn'a nezvakataurwa naEria, nokuti akataura Shoko raShe. Mwari vanoita hanyn'a kana ukaita hanyn'a, asi unofanira kutanga waita hanyn'a. Hongu.

136 Cherechedzai, Akava nehanyn'a paAkadana Eria, neShoko raKe, kubva pakati pemasangano. Zvairatidzika sokunge

aizoziya nenzara, nokuti panenge pasina chegumi nemupiro iri kuuya kwaari. Asi akachengetedza Eria, haAna kumbomurega achiziya nenzara munguva iyo aiteerera Shoko raMwari. Akaraira masavara kuti amupe chokudya. Akachengeta Eria nokuti Eria akava nehanyn'a naYe, uye ndiYe Shoko.

137 Akachengeta Dhanieri apo Dhanieri akava nehanyn'a zvizere kuShoko raMwari zvokuti akanamata akaperera. Zvisinei kuti mambo vakanga vati kudini, "Handichadi kuti zvimwe zvakadaro zviitwe," Eria akangozarura mafasitera ndokutarisa akananga kuJerusarema ndokunamata. Eria akava nehanyn'a naMwari, uye—uye Mwari vakaita hanyn'a naEria. Dhanieri akava nehanyn'a neShoko raMwari, uye Mwari vakava nehanyn'a naEria. Vakatumira Shongwe yeMoto iyo yakatyisa shumba kubva paari zvino ndokugara zasi ikoko usiku hwese. Mwari vakava nehanyn'a nokuti Dhanieri akava nehanyn'a. Hongu, changamire. Akanamata akaperera, achiziva kuti aizokandirwa mugomba reshumba kana akasaterera mirairo yesangano. Asi akapfugama pahwindo, asingatye zvaitaurwa nevanhu. Akazarura hwindo nokuti waiva murairo waMwari, uye ndokunamata akaperera akatendeka kunaMwari wake mazuva ose. Akava nehanyn'a naMwari nemurairo waVo, zvino Mwari vakatendeuka ndokuchengeta Dhanieri nemurairo wake, kumira kwake. Dhanieri akava nehanyn'a naMwari neShoko raVo, zvino Mwari vakachengeta Dhanieri pamwe nokumira kwake neShoko. Anozviita nguva dzose. Ameni.

138 Akachengeta vana vechiHebheru pavakaremekedza zvakaperera nokuita hanyn'a pakutenda kwakambopiwa kwavari, Shoko raMwari. Akavachengeta kusvika pavakaridza hwamanda . . . Vaiva nemurairo wakabva kunaMwari, "Musagwadama pamberi pechero mwari wevahedheni, chero zvimupunzo. Musagwadama uye musazvinamata." Ndiwo waiva murairo. Zvino pavakaridza hwamanda ndokuti "tichakandira mubiravira remoto avo vasingazviite," vakava nehanyn'a kusvikira vakafuratira chimupunzo. Ndizvo chaizvo. Mwari akanyatsovachengetedza, zvokuti kupisa pakwakauya, Akatumira Murume wechina zasi ikoko mubiravira remoto ndokuvachengeta vachitonorerwa. Akava nehanyn'a nokuti vakava nehanyn'a.

139 Kana uchida kubatirira kune chimwe chitendwa, Mwari havana basa nezvaunoita. Kana uchida kudaro, haAmboiti hanyn'a newe, nokuti uri kuita zvakataurwa nemunhu. Asi kana ukabatirira kuShoko raMwari, nekupupura kwako kwechokwadi kwakatendeka uye nokutenda kuti Mwari Mupodzi, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Anokuchengetedza.

140 Akavachengetedza, Akachengetedza vana vechiHebheru, zvino Akavatumira Murume wechina kuti avadzikinure, uyo aiva Kristu. Tinozviziva.

141 Uyo aiva nemaperembudzi paakadanidzira, "Ishe!" Vaiva nemaperembudzi gumi vakabuda ndokudanidzira vakaperera, "Ishe, tinzwireiwo tsitsi." Vakava nehanyn'a yakakwana pane zvavaida, Iye aiva nesimba rokuvabatsira. Akava nehanyn'a neuyo aiva nemaperembudzi nokuti uyo wemaperembudzi vakava nehanyn'a pakupupura kwavo, kuMudana kuti "Ishe!"

142 Akava nehanyn'a, mukuru wezana paakazviitira hanyn'a kutsvaka betsero kubva kunaJesu. Mukuru wezana pa-. . . akaratidza nokutenda kwake, akaramba zvimupunzo zvake zvekuRome, ndokuva nehanyn'a zvizere (nokupupura paruzhinji) kunoMudana kuti auye kuzopodza mwanakomana wake, Jesu wakava nehanyn'a dzokuenda kunomupodza. Ane hanyn'a kana iwe uine hanyn'a. Naizvozvo, unofanira kuva nehanyn'a kutanga. Akava nehanyn'a.

143 Akava nehanyn'a apo Jairosi akava nehanyn'a pamusoro paJesu. Aiva mutendi wepakavanda. Aitenda kuti Aiva mugwara, asi nokuda kwezvaimiririrwa nesangano rake haaikwanisa kubuda pachena achizvipupura, asi mukunda wake muduku paakarwara ndokufa, Jairosi akaziva, akatarisa rufu rwemwanasikana wake, kana kuti kuratidza hanyn'a yake, akava nehanyn'a zvokuramba vapokani vaive vakamupoteredza, zvino ndokupfeka nguwani yake duku yemushumiri, zvino ndokuenda ndokuwana Jesu. Zvino Jairosi paakaratidza kuti ane hanyn'a, Jesu akaratidza kuti aiva nehanyn'a dzokuuya nokuzomumutsa kubva kurufu. Kandira zvishuwo zvako paAri, nokuti Ane hanyn'a! Zvisinei kuti chii, Ane hanyn'a!

144 Akava nehanyn'a zvizere apo zvapakanga pasina kana murairo, hapana chakataura kudaro, haAna kana kumbotaura nezvazvo, asi Akava nehanyn'a nokuti mudzimai muduku akanga asiri kukwanisa kupinda mumutsara wekunamatirwa, zvino akati, "Kana ndikakwanisa kubata mupendero wehanzu yaKe, ndinoMutenda." Akava nehanyn'a nekutenda kwemudzimai mune izvozvo, zvokuti Akatendeuka nokumudana ari muungano, ndokumuudza kuti kutenda kwake kwakange kwamupodza. Akava nehanyn'a nokuti mudzimai akava nehanyn'a.

145 Akava nehanyn'a apo mupengo ainzi Regioni akava nehanyn'a, ari pasi pokurwiswa, kuti abude kubva pasi pematombo aya epamarinda emadhimoni zvino obuda kunosangana naJesu, ozvikandira pasi akazvambarara. Ipapo, Regioni! Madhimoni aya ainge asina kubuda dai Regioni akanga asina kumanikidzira nzira yake ipapo kuti asangane naYe. Zvino paakava nehanyn'a zvokuti aite zvaakaita, kumira kwaakaita mukutenda kwake, Jesu akava nehanyn'a yokudzinga chiuru ichi chemadhimoni kubva maari, zvino chinhano chake chokupenga chakapera. Ane hanyn'a kana iwe ukaita hanyn'a. Hongu, changamire. Ane hanyn'a kana iwe ukaita hanyn'a.

146 Zvino, murume uya bofu paakadanidzira pasuwo reJeriko, "O Jesu!" Ari muJudha, weOrthodox, aine chimiro chakanaka musinagoge. Asi paakati, "Ko ruzha rwei rwuri kupfuura?"

Vakati, "Jesu weNazareta ari kupfuura, Muporofita."

147 Akati, "Jesu, Iwe Mwanakomana waDhavhidha!" O, kutsiurwa kwakadini kumufundisi wake nevaprisita vaive vamire ipapo. Asi haana kuita basa neizvo mufundisi, muprisita, kana mumwewo zvake zvaakataura, akanga ari kungoda! Akava nehanyn'a zvokuti awane kuona kwake, saka akadanidzira! Zvino bofu iri parakanga ragadzirira, ndokuva nehanyn'a yokudanidzira, Jesu akava nehanyn'a kumupodza. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Ane hanyn'a kana iwe ukaita hanyn'a, asi unofanira kuva nehanyn'a kutanga. Unofanira kuratidza kuti une hanyn'a.

148 Akava nehanyn'a zvokuti mudzimai, airarama nevarume vatanhatu, akaona ndokuziva ndokucherechedza chiratidzo chaKe chaMhesiya chekunzvera, Akava nehanyn'a zvokuti Akaregerera chivi chose uye ndokumupa mvura dzokuti akange asisauye ikoko kuzochera, nokuti akacherechedza. Mudzimai akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita," paAkamuudza dambudziko rake. Zvino ivo, mudzimai akanga achitarisira kuuya kwezuva iri, kungoti bedzi akanga ari muboka rekereke, akanga asina mukana wekuzviita. Asi paakaona Murume Akakwanisa kumutaurira dambudziko raaiva naro, iye akati, "Changamire, ndinoona kuti Imi muri Muporofita. Ndinoziva kuti kana Mhesiya auya Achaita zvinhu izvi."

Iye ndokuti, "Ndini Iye."

149 Izvozvo zvakwana! Akava nehanyn'a. Mudzimai akasiya chirongo chemvura, ndokumhanyira muguta, zvino ndokuti, "Uyai muone Murume Andiudza zvinhu zvose zvandakaita. Handiye here Mhesiya wacho?" Akanga akaita saRakabhi, akava nehanyn'a zvokuti akapeputsa guta rose. Akava nehanyn'a nokuda kwekuti pane chimwe chakanga chaitwa, Gwaro rakasimbiswa rakanga razadzikiswa rikaitwa remazvirokwazvo, zvino akava nehanyn'a! Haana kumboita hanyn'a kuti varume vanoti kudini kana kuti mumwewo munhu anoti kudini; akaZviona, aivepo pazvakaitika. Akava nehanyn'a. Akava nehanyn'a nevanhu vake kusvikira pakuudza munhu wese, zvino zvikaita kuti guta rose ritende pana Jesu Kristu. Mudzimai akava nehanyn'a, zvino Iye ndokuva nehanyn'a. Zvirokwazvo, Akadaro.

150 Jesu akava nehanyn'a zvizere neMharidzo yanhasi kuita kuti zvinhu zvimwe chete zviitike sezvaAkataura, kusvikira Akafa ndokumuka zvakare kuti azvitumire neMweya Mutsvene, Munyaradzi, kuratidza shumiro yaKe nhasi kuti Achiri mupenyu. Akava nehanyn'a zvizere. Ko hatingavewo here

nehanyn'a? Ndiyo nyaya yacho, hatingavewo here nehanyn'a? Akafira shumiro ino. Akafa kuitira kuti Mweya Mutsvene ugokwanisa kuva pano muzuva rino kuratidza zvinhu izvi. Akava nehanyn'a newe. Akava nehanyn'a yekuUunza pano. Akava nehanyn'a yekuita chitaurwa. Akava nehanyn'a nokuti akakuda. Akava nehanyn'a yekuzviita, kutumira Mweya Mutsvene kune izvi, kugadzira shumiro iyi nhasi.

151 Ndiko kuratidza kwaAkaita kuti Aiva nehanyn'a muzuva iroro, nokuti Akauya kuzosimbisa zvakanzi naMwari ndizvo zvaAizova. Ndicho chikonzero mudzimai akaMucherechedza. Mudzimai akati, "Ndinoziva kana Mhesiya achinge auya, Iye Muporofita. Kana Mhesiya auya, Achatiudza zvinhu izvi." Munoona, Akava nehanyn'a neShoko raMwari kuRisimbisa kumudzimai. Ameni.

152 Zvino Akatumira Mweya Mutsvene, kuti muzuva rino rekuziva nenjere, kuitira kuti Iye neMweya Mutsvene mumwe chete agoratidza kubudikidza nematiri kuti Achiri Mhesiya, kuzviratidza nenzira imwe chete. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvino mubvunzo ndewekuti, une hanyn'a here? Unofungei nezvazvo? Uri pano. Wakaratidzwa kakawanda. Une hanyn'a here dzekuzvitenda? Une hanyn'a here dzekureurura zvivi zvako, kuti wakakanganisa? Reurura kusatenda kwako ugozvigamuchira. Une hanyn'a here dzekuzvigamuchira? Akava nehanyn'a yokufa nokumuka zvakare, kukuunzira kwauri. Une hanyn'a here dzokuzvigamuchira. Ndinofunga kuti zvakaratidzwa zvachose, kubvira panguva yaNowa, nzira yose kumashure kubva kunaGenesi nenzira yose. Hatina nguva yokusvika kwazviri zvose. Asi munoona kuti Ane hanyn'a, uye Akafa kuitira kuti muzova nehanyn'a, kuitira kuti mugova nenzira. Uye Akaunza nzira yacho. Akataura chaizvo zvaizoitwa nenzira iyi, zvayaizoita, uye zvino pano Ari pano achiratidza kuti iChokwadi. Zvino, munguva ino yakaipa yatiri kurarama mairi, une hanyn'a here nezvazvo, nemoyo wako wose, kuzvitenda?

153 Kana ungasvike mutsara wekunamatira kana chero zvazvingava, handizvo, une hanyn'a here? Kandira zvishuvo zvako paAri, Ane hanyn'a newe. Iva wakaperera pazviri. Iva nehanyn'a zvokuperera, nokuti Akaratidza neShoko raKe rakasimbiswa kuti Ane hanyn'a. Akavimbisa kuRituma, Akazviita! Akavimbisa muShoko, heRino iri! Ane hanyn'a, zvino ko iwe? Kuti, chinotevera, ndiwe unofanira kuva nehanyn'a.

154 Akava nehanyn'a, Akava nehanyn'a kukukundira muvengi wese, zvokuti zvoga zvaunofanira kuita kuperera nokuzvitenda. Akakunda rufu. Rufu hachisi chinhu chandinofanira kukunda; rwakakundwa kare. Chirwere hachisi changu chokuti ndikunde; hachisi chaKristu kuti akunde; chakatokundwa kare. Ndinongofanirwa kuva nehanyn'a dzekuzvitenda. Uri kutya

here nokuda kwezvawakaudzwa nemumwewo munhu? Uri kutya here zvakaongororwa nachiremba? Uri kutya here zvichataurwa nekereke kwauri? Uri kutya here kumirapo wakatarisana, nadhiyabhorosi? Iti, "Ndareurura zvivi zvangu, ndaisa padivi zvinhu zvose. Ndatenda Shoko rose. Hezvino ndiri pano, Ishe. Sikai mandiri hanyn'a. Ini . . . Makava nehanyn'a neni, ndine hanyn'a neMi."

155 Ndinofunga chimbo chiya chakare chine nyasha, "Anokuchengeta. Nemumishana kana mimvuri, Anokuchengeta."

Ngatikotamisei misoro yedu zvino, hatichagoni kuenda mberi.

Anokuchengeta,
Anokuchengeta;
Nemumushana kana mumumvuri,
Anokuchengeta.

Ngatichiimbei kwaAri, takakotamisa misoro yedu, nemoyo wedu.

Anochengeta . . .

Ngatitarisei zvose zvaAkaita.

Anokuchengeta,
Nemumushana kana mumumvuri,
Anokuchengeta.

Anochengeta . . .

Zvino, kana uine hanyn'a, simudza ruwoko rwako pauri kuchiimba.

Anokuchengeta;
Nemumushana kana mumumvuri,
Anokuchengeta.

156 Baba voKudenga, panguva ino mukati menguva yokupera kwezuva, tiri kureurura kubva pakadzika pemoyo wedu, kuti tinoziva neShoko zvino kuti Magara muine hanyn'a neavo vari veNyu Chaivo. Asi dambudziko, Ishe, tine hanyn'a here? Tinongoda here kuwana dzidzo, toti, "Saka, ndine dhigirii rachiremba, kana—kana LL.D."? Ndiko *kuziva* Gwaro remushonga, hakuzi kuUtora.

157 Mwari, ndinonamata kuti mumwe nomumwe wedu atore kusuwa kwaKristu mumoyo medu, toisa kutambudzika kwaKe patiri, kuti tizive kuti tinofanira kutamburirawo kushorwa kweZita raKe, kwatinofanira kutambudzika. Uye dai tava sevadzidzi vakare, kudzoka, tichifara nokuti tawanikwa tine rombo rokutakura kushorwa kweZita raKe. Zviitei, Baba.

158 Ndave kuzonamatira varwere, Ishe, kuisa mawoko pamusoro pavo. Vakaisa mawoko avo mudenga, vazhinji vano, uye vakawanda vavo vachanamatirwa, vakabata makadhi

omunamato. Uye mune vamwe vari muno vasina kusvika nenguva yekuwana makadhi omunamato, asi vacha—vacha—vachatenda, Ishe. Vanokwanisa kusimudza mawoko avo, sokunge, kwandiri, iungano yose. Vazhinji vavo vari kurwara. Pano pane mahengechepfu aradzikwa pano, ndichinzwa Hupo hweNyu hwaMwari kubudikidza neShoko rakazodzwa, vapodzei, Ishe. Itai kuti zvikumbiro zvavo zvigopindurwa.

159 Uye zvino kubva pamahengechepfu, kuenda kuungano, kuvanhu vagere uko vari kutambudzika. O, Hupo hwaShe, ngaHuuye, Baba, ugovapodza vose. Zviitei, mangwanani ano munyasha dzaMwari, patinoreurura, Ishe. . . ? Ini muranda weNyu, ndinopupura kumwe kusakwanisa. Handina kana chinhu chimwe chete, Ishe, chandingagona kuunza kwaMuri chinondikodzeresa. Hatikodzeri. Hapana mumwe wedu anokwanisa kuzviita, Ishe. Hatikodzeri zvinhu zvatiri kuzokumbira. Asi, Ishe, tinoziva kuti Jesu akaenda, kumusoro muKubwinya, uye ikoko ari kugadzirira nzvimbo kuti agozouya otigamuchira kwaAri. Uye Akatiudza kuti Aizotitumira Munyaradzi, achange ari Mweya Mutsvene, uye Anozoita basa raKe pamwe nokugara nesu nokusingaperi.

160 O Mweya Mutsvene, Mweya waMwari, uyai patiri patsva mangwanani ano, uye musimbise Hupo hweNyu, Ishe, nenzira imwe chete yaMakaita paMakafamba pano panyika, kuitira kuti ungano ino igoziva kuti Muri pano mumazuva ano okupedzisira kusimbisa Shoko reNyu, uye nokuratidza kuti "sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Ishe, zvatiri kukumbira izvi ndezvekuti zvipe kukudzwa pamwe nembiri kwaMuri, apo tiri kuzviisa pasi peNyu mukureurura kwedu. Tichenesei neRopa reNyu, Ishe. Tishambei nemvura dzeShoko, mutichenese muRopa. Uye mutiunze, Ishe, se "mienzaniso," sokutaura kwakaita Petro mundima yaverengwa mangwanani ano, kunyika isingatendi. Nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

161 Ndave kukumbira hanzvadzi zvino ine. . . nepiano, kwechinguvana. Tinogona kunge tati nonokei zvishoma nhasi, asi, o, handiwanzouya kakawanda. Chingotsungirirai nesu, chingo, munhu wese ngaangogara kwemaminitsi mashoma zvino, tiri kuzonamatira munhu wese. Billy, Billy Paul, aripi—ari pano here? Wapa papi, wapa here makadhi omunamato? Anga ari chii? B, poshi kusvika zana. Ngatingotorai mashoma emaB zvino tigoona kana Achizotipa kunzvera. Zvakadini izvozvo? Ngationei kana Anesu pano. IngoMukumbira, unotenda kuti Anozviita? Ndaparidza uye nda—ndanga ndakazodzwa, asi zvino ndaparidza ndichibva pachiri, muri kuona.

162 Ngatiitei kuti vanhu vasimuke. Saka, tiri kuzonamatira vose, zvakadaro, tongotangira kubva panhamba yeposhi. Ndiyani ane B, nhamba yeposhi? Simuka, ane kadhi romunamato.

Kwete, ndichangovaunza necheipo pano, vanouya nemunzira iyi vobva vauya vachidzika. Regai B, nhamba yeposhi, ndiyani anayo, kadhi romunamato nhamba yeposhi? Munoreva here kuti harimo muno muchivakwa? Zvakanaka, tave kutanga . . . O, ndine urombo, mai. Zvakanaka, zvakanaka. B, nhamba yepiri, zvino ndokunge tatangira pane yeposhi. Regai B, nhamba yepiri. Ndiyani anayo, ungasimudzewo here ruwoko rwako sezvizvi kuitira kuti tione anayo? Uyai pano, amai, pano chaipo. Tatu, ndiyani ane yechitatu? Zvino ngatiitei kuti mutsara wedu udzike nzira yose nemadziro, tofamba, kana kudzoka neuko kwakadaro. Saka, zvakanaka, kadhi romunamato renhamba yetatu, ndiyani achauya? Uyu ndiye here mudzimai ari kuuya kuno? Handina kuona ruwoko rwako, ruregerero, hanzvadzi. Nhamba yechina, ndiyani ane kadhi renhamba yechina? Ungasimudzawo here ruwoko rwako kuti ndione kuti ndiwe ani? Murume ari kumashure uko, hama yechitema, mungauyewo here ipo pano chaipo, changamire, nhamba yechina. Nhamba yechishanu, ndiyani ane nhamba yechishanu? Murume ari kumashure uko, mungauyewo here kuno kana—kana muchida? Nhamba yechitanhatu, ndiyani ane kadhi romunamato rechitanhatu, ungasimudzewo here ruwoko rwako? Nechekuno uku, zvakanaka, tanhatu, changamire. Nomwe. Zvino, izvi zvinokuitai kuti musangoungana. Nomwe, zvakanaka, uyai zasi kuno chaiko, nomwe. Zvino nhamba yesere, apo pamuri kungo . . . Mungauyewo here, changamire? Nhamba yepfumbamwe. Zvakanaka, changamire. Nhamba yegumi. Zvakanaka, kakomana kaduku.

163 Patiri kufunga nezvazvo, chinhu chinotapirisa; pandapinda, kakomana kaduku, zvinoita sokunge zvichatopotsa zvandiuraya ndikafunga nezvazvo. Kakomana kaduku kasimuka apo nguva shoma yapfuura, kakati, "Hama Branham, mungandiitirewo here chimwe chinhu?" kakangokura sekamukomana kaduku aka.

Ndikati, "Chii, mwanangu?"

164 Iye ndokuti, "Namatirai amai vangu." Ndokuti, "Vanongotora Zita raMwari zvisina maturo, uye vane hupenyu hwakashata kwazvo."

Ndikati, "Unogarepi? Muguta muno?"

Ndokuti, "Hongu, changamire."

165 Akanga achida kuti amai vake vave mudzimai akanaka. Uye, ndosaka, Isaya akati "mwana muduku achavatungamira."

166 Nhamba yegumi nhamba, harisi here nhamba yegumi? Zvakanaka, nhamba yegumi neimwe. Zvakanaka, nhamba yegumi nembiri, nhamba yegumi nembiri. Zvakanaka, nhamba yegumi netatu, gumi neina. Zvakanaka, gumi neshanu. Gumi neshanu, handina kuiona, nhamba yegumi neshanu. Gumi nenhanhatu. Zvakanaka, uyai potererai neuko, changamire,

kana muchikwanisa, gumi nenhanhatu. Gumi nenomwe, gumi nesere. Gumi nesere, handina kuiona. Zvakanaka, mudzimai, kana hanzvadzi, gumi nesere. Zvakanaka, zvino enda neuko, mudzimai, kana uchikwanisa, enda neuko uko. Zvino tarirai, apo mutsara wekunamatira, zvakakwana kuti vamire panguva imwe chete.

167 Apo mutsara wekunamatira paunenge wave kutanga kupera, munoona, zvino regai Billy Paul kana vamwe vari pano papuratifomu . . . Hama Neville, Hama Neville, regai Hama Neville mushure mechinguva, kana mavaona . . . Zvino, kana muchinge maona Hama Neville pavanoona mutsara wekunamatira wave . . . vacharatidza sezvizvi, nokuti ndave kuzonamatira Mweya Mutsvene . . .

168 Zvino, murume uyu, mune kadhi romunamato here, muri muhwiricheya, changamire? A—a—anga aine kadhi rake romunamato. Zvakanaka, zvino munogona kumuendesa mumutsara wekunamatirwa. Zvino, pane here mumwe ari—ari—ari pano, asiri kukwanisa kusimuka? Mumwe munhu ngaavabatsire kana va . . . kana nguva yavo—yavo yasvika, munoona. Zvino, chingofungai, ndotangira pandagumira paya kuda gumi nesere kana makumi maviri, pamwe pakangoda kudaro, zvino wotanga makumi maviri nerimwe, makumi maviri nemaviri, unoziva nzvimbo yako paunouya.

169 Zvino une hanyn'a here? Munotenda here kuti Aigara aine hanyn'a? Munotenda here kuti Ane hanyn'a iye zvino? Kana—kana Iye—kana Iye akambova nehanyn'a, Achagara nguva dzose aine hanyn'a. Munozvitenda? [Ungano inoti, "Hongu!"—Mupepeti.] Zvino ndinoda kuti munhu wese anyatsova neruremekedzo, garai panzvimbo dzenyu uye munamate. Zvino, imi muri muungano, namataiwo zvakare. Zvino, ko Akava nehanyn'a sei? Nokuti Akanga asisakwanise kuve nehanyn'a zvakare, uye hapana munhu kana muporofita, hapana mumwezve anokwanisa kudarika muganhu webasa raMwari rakavimbiswa. Ndizvo here? Zvino, handina basa zvino, unogona kunge wakapfuura nemumitsara yokunamatirwa kazana, asi imi makamira zvino nemi makagara pasi, kana paine chivi muhupenyu hwako, kusatenda, kureurure iye zvino. Usatomboedza hako kuuya muno usina kudaro. Kana iwe—iwe ukagona kuuya nepano uye zvisinei kuti munhu akazodzwa zvakadini, uye agomira agoturika mawoko pauri, zvirokwazvo uchazvipotsa neza—zana remamaera kunze kwekunge uchizvitenda. Unofanira kuzvitenda. Unofanira kuzvipupura. Unotofanira kudaro. Munoona, zvino kana ukatarisa kuno, kuti pane . . . Ndinotarira kuti maona nyaya yacho. Maona? Hazvikwanisike zvachose kuti Mwari vasachengeta Shoko raVo kwauri, kana iwe wachengeta shoko rako kunaMwari. Maona? Kana uchizvitenda zvemazvirokwazvo, hapana chinogona kukuita kuti uzvipokane. Nguva, nzvimbo, hapanazve chimwe

chingakuite kuti uzvipokane. Unozvitenda. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Hongu! Ameni!"—Mupepeti.]

170 Zvino izvi, iye zvino ndave kutarisa ndichidzika nemutsara uyu wekunamatirwa. Pari zvino sokuziva kwangu, kunze kwekunge ari murume uyu ari ipo pano, ndinomuziva; uye ndinoziva uyo, ndinoziva Gene Slaughter zasi uko, ndinomuziva; kunze kwavo. . . zvino handizive cha—chavakamirira ipapo. Handina ruzivo rwezvavakamirira ipapo. Mwari vanoziva. Uye zvino kana imi mose kana muchiziva kuti hapana chandinoziva nezvenyu, simudzai mawoko enyu, imi makamira apo. Zvino, vangani vari muungano ino vanoziva kuti hapana chandinoziva nezvenyu, simudzai mawoko enyu. Vangani vari kuziva kuti Jesu anoziva nezvenyu?

171 Vangani vachada kutaura izvi? Ndinotenda [Ungano inoti, "Ndinotenda"—Mupepeti.] nemoyo wangu wose ["nemoyo wangu wose"] kuti Jesu ["kuti Jesu"] akandipodza ["akandipodza"] paAkarovererwa pamuchinjikwa ["paAkarovererwa pamuchinjikwa"] paKarivhari ["paKarivhari."]. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Zvino, kana Akazviita kare, zvino kwave kutenda kwako kuzvigamuchira. Zvino, Akava nehanyn'a dzekuzviita, une hanyn'awo here dzekuisa padivi kupokana kwese, ugozvitenda? Isa zvishuwo zvako kwaari, nokuti Ane hanyn'a newe.

172 Zvino, kana uri kurwara, kana uine dambudziko, ndakaona, zvakanaka, munoziva, zvinhu makumi ezviuru akapetwa zviuru izvo zvakaitwa neMweya Mutsvene. Uye munozviziva; kuomarara kwemitezo, kunyangwe kusvika kune vakange vafa.

173 Mumwe murume akawira pasi ndokufira ipo pano papuratifomu, ipo pano pamberi pedu, kuda masvondo matatu apfuura. Mudzimai wake mukoti ane magwaro okurapa agere pano. Zvino murume uyu akanyatsowira pasi. Agere muno pane imwe nzvimbo. Heunoi mudzimai wake agere pano apa zvino, uye—uye heunoi uyu agere kumusoro kuno pane imwe nzvimbo zvino. Hongu, heunoi akamira ipo pano. Maziso ake akatarisa kumashure, ndokushanduka ruvara akabva asviba sezvizvi, ndizvozvo. . . ndokuwa, ndakadzika. Mudzimai akamuongorora, hapana moyo, hapana kurova kwemoyo patsinga. Ndakaisa mawoko angu paari (akanga aenda) zvino ndokugodana mweya wake, nemuZita raJesu Kristu, zvino ndokubva amuka. Maona? Maona?

174 Chii? Ndiye Rumuko neUpenyu. Akanga asiri ini. Akanga ari Munyaradzi akazviita, Mweya Mutsvene achitireverera. Maona? TakaMugamuchira, zvino zviri kwaAri kuti areverere. Zvino ko ndaigodini. . . Ko Mwari angakuponesa here zvichipesana nokuda kwako? Kwete zvemazvirokwazvo. Haakwanise kukupodza zvichipesana nokuda kwako. Unofanira kuzvitenda.

175 Zvino, izvi zvingavei, kana—kana Akakwanisa kuratidza, kana Mwari akandiita kuti nechipo chaMwari ndikuratidzei kuti Jesu Kristu ari pano nesu, uye kuti Munyaradzi uyu ndiJesu Kristu, Iye ndiye Shoko. "Pakutanga kwakanga kuine Shoko." Ndizvozvo here? "Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu." Uye Bhaibheri rakati, munavaHebheru 4, kuti "Shoko raMwari rinopinza zvinodarika munondo unocheka nemativi maviri, Munzveri wepfungwa dzemoyo." Ndizvozvo here? Uye ndizvo zvakaitwa naJesu kuti aratidze kuti Aive Shoko rakazodzwa, Mhesiya. O, ini zvangu! Hamusi kuzviona here? Chii Mhesiya? Muzodziwa. Chii chakazodzwa? Shoko rakazodzwa! "Zvino Shoko rakaitwa nyama." Ndiye akanga ari Shoko rakazodzwa! Mazviona here, Hama Vayle? Munoona, Ndiye Shoko rakazodzwa!

176 Uye zvino paunozvipira kwaAri, Anozokushandisa zvinodarika zvaunoziva, kuratidza kuti Achiri Shoko rakazodzwa, Munzveri wepfungwa dzemoyo. O, ko sei, ko munhu angapokana sei? Ingotenda. Usapokane. Zvino imi mugere kunze uko, nda—ndarova chidzidzo ichi mangwanani ano. Apo mumwe mudzimai muduku akaita hanyn'a dzokuti akanga asiri kuzopinda mumutsara wekunamatirwa, zvichida, asi akabata mupendero wehanzu yaKe zvino Iye ndokutendeuka. Munozvitenda here? Munotenda here kuti zvinokwanisa kuitwa zvakare nhasi? Hongu. Zvino, ko unokwanisa kuubata sei?

177 Bhaibheri rakati Ndiye Muprisita Mukuru, iye zvino Muprisita Mukuru, agere kurudyi kweHumambo hwaMwari, achireverera pamusoro pekupupura kwedu. Tinopupura kuti tinoMutenda, uye tinoda kubata Muprisita Mukuru. Uye tikaMubata, Iye anozoita sei? Ari pano muchimiro cheMweya Mutsvene. Zvino Anozopindurazve zvino okuudza chaizvo izvo. Ndizvo here? Zvino chizvitenda woramba wakagara pasi, ramba wakanyarara, ramba uchiremekedza wakatarisa. Zvino, kana Akangozviita kanongori katatu bedzi, zvinenge zvakakwana, handizvo? Katatu, kana Akazviita. Potsi, piri, tatu, kana Akazviita.

Makadini?

178 Zvino, mirai zvishoma patiri kungonamata. Munoona, izvi, ini handi . . . Ichi chimwe chinhu chakati siyanei zvishoma iye zvino; ndanga ndiri kuparidza, zvino wochiuya kune izvi. Zvino, handisati ndadana panaShe pane izvi kwenguva yakareba, asi Ishe Mwari vanoziva moyo wangu, uye dai akupai chikumbiro chenyu. Zvino ndiri kuzvitenda, kuti Achazviita.

179 Zvino, hepanoi pamire mudzimai, tiri vatsva mumwe kune mumwe. Sokuziva kwangu, handina kumbovaona muhupenyu hwangu. Vanogona kunge vakambogara mune imwe ungano kumwewo kana kundiziva nezvimwe zvinyorwa, asi Baba voKudenga vanoziva, sokuziva kwangu, handina kumboisa meso angu pavari muhupenyu hwangu. Munhu mutsva.

180 Zvino, kana Ari mumwe chete, hepanoi pane murume nemudzimai vari kusangana pano saJesu akasangana nemudzimai patsime, wandataura nezvake munguva yapfuura. Akava nehanyn'a naye. Zvino, mudzimai uyu zvichida haana mhosva imwe chete seyemudzimai uya, asi pane dambudziko. Asi Ane hanyn'a zvimwe chete kwaari sezvaAkaita kumudzimai uya. Munoona, Ane hanyn'a. Zvino, mudzimai paakazviona, akazviziva. Zvino pano vaviri vedu takamira pano sezvizvi. Zvino, handina kumbomuona.

181 Zvino, dai Mweya Mutsvene mukuru, uyo Asingaoneki, zvino dai manzwiro okutenda akaMuzivisa kwandiri. Akaunza manzwiro okutenda, uye Shoko raKe rakazviunza pedyosa mumazuva ano okupedzisira kusvikira Vane mufananidzo waWo ikoko. Akazviunza pedyosa kune manzwiro edu, akazodza, akaenda zvino ndokuMuona achiuya muno achifamba-famba ari muchimiro cheShongwe yeMoto. HaAna here? Iye zvino Ari pano, ndinoziva kuti Ari pano. Kutenda kwangu kunoti Ari pano. Zvino kana Iye akangonyatsokwanisa kuZvionesa imo muno zvokuti ogobata upenyu hwemudzimai uyu, munoona, sekuvimbisa kwaAkaita kuti Aizoita. Mweya Mutsvene unozoita basa rimwe chete raAkaita.

182 Zvino ini, nokuti ndanga ndiri kuparidza, ndinoda kutaura newe kweminiti kuitira kuti ndingoona.

183 SezvaAkaita mudzimai patsime, Akati, "Ndiunzirewo mvura yokunwa." Munoziva, Akanga ari kungo... Akanga akagarapo zvichida achifunga pamusoro pavo vachienda kunotenga chokudya, zvino A—Akatozotaura naye kwechinguvana, munoziva. Baba vakanga vaMutuma kumusoro ikoko. Aitofanira kudaro. Akanga ari kuenda kuJeriko; zvino akakwira kuSamaria, uko kuri pamusoro pegomo, Akanga "achifanirwa kuenda naikoko."

184 Saka, neimwewo nzira, ndanga ndichifanira, Baba vandituma kubva kuArizona, kuno, zvino iwe wauya. Saka zvose chinongori chinhu chimwe chete. Hapana chinoitika nemasanga, zvinoitika nokuda kwechimwe chikonzero. Nyasha dzaMwari, ndedzemazvirokwazvo.

185 Zvino, ndisingakuzive, uye unoratidzika kuva neutano kwazvo, uye zvinogona kusava zviri izvo zvawavinga pano. Chinogona kuve chiri chimwewo chinhu. Anogona kunge ari mumwe mudikani, zvinogona kunge zviri zvemumba, zvemari. Handina nzira yekuzviziva, unozviziva. Asi kana Akanditsanangurira zvawavinga pano, uchaziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Uye ungano ichatenda here nemoyo mumwe chete zvino? Zvino munotinzwa, uye zviri kutepwa, zvino takangomira pano papuratifomu.

186 Mudzimai, ndiri kumuona akabata musoro wake sezvizvi. Ane, ane musoro unotema uri kumunetsa, semusoro

wemigraine. Kutemwa nemusoro kusingaperi kunogara kuchiuya nguva dzose. Ichokwadi. Kana zviri izvo, simudza ruwoko rwako. Maona? Ndizvo chaizvo. Chimwe chinhu, ane dambudziko repahuro, raakaudzwa, zvakadaro, riri—riri kukunetsa, uye ndizvo zvaakataura, pahuro. Uyezve unongori nezvakangovhiringika, zvinhu zvakawanda zvisina kuita zvakanaka pauri; kuhuta-huta, kugumbuka, unonetseka, "dzimwe nguva kunetseka kuti ndepapi pandimire, uye kuti ndiri mukati here kana kuti kunze." Uye ndizvozvo chaizvo. Ichokwadi. Zvino, Anokuziva, haukwanise kuvanda zvino kana ungada kuzviita. Maona? Unotenda here kuti Anokwanisa kundiudza izvo iwe, kuti uri ani? Saka, Viola, iwe dzokera kumba, Jesu Kristu akupodza.

Munotenda here?

187 Handizive. Jesu Kristu anoziva zvinhu zvose. Mumwezve munhu wandisingazivi. Mwari vanotiziva tose tiri vaviri. Unotenda here kuti ndiri muporofita waKe, muranda waKe? Unotenda here kuti zvinhu izvi zvandaparidza kubva muShoko iri kuti iChokwadi? Unotenda? Kana Ishe Jesu vakandiudza zvawavinga pano, unotenda kuti ndiri muranda waKe. Uye Ari kuita izvi nokuda kwekuti Ane hanyn'a newe. Iye, hanyn'a yaKe iri kwauri, Ari kuzviita nokuti Ane hanyn'a newe. Ane hanyn'a nevamwe vose vauya mumutsara. Ane hanyn'a navo. Wakava nedambudziko, tsaona, tsaona yemotokari. Uri kushushikana kwazvo nokuda kwayo. Ndizvo chaizvo. Une dambudziko negumbo rako. Ndizvozvo chaizvo. Richapora, uye kuhuta-huta kuchakusiya, saka chingoenda hako kumba, uchitenda Ishe, uye uchiti, "Ishe ngaVarumbidzwe!"

"Kana ukangotenda, zvino zvose zvinogoneka." Zvakanaka.

188 Unotenda here? Handikuzive, uri munhu mutsva kwandiri. Asi Mwari anokuziva. Unotenda here kuti Anokwanisa kundiudza chikonzero sei uri pano, kana chimwe chinhu pamusoro pako? Ungazvitenda here? [Mudzimai anoti, "Hongu"—Mupepeti.] Pane mumwezve mudzimai. Haasi iwe, unoona. Kwete, haasi. Ndiwe, uri pano wakamiririra mumwe munhu. Wakamiririra mumwe, ndiamai vako. Ndizvozvo chaizvo. Vane dambudziko negumbo ravowo, zvakare. Ndizvozvo. Havasi pano. Vari pedyo nenzvimbo inenge, inenge kwandiri English, kunge, kumwewo zasi kuno uku. Iwe, ndizvozvo, unotenda here? Zvakanaka, chienda hako. Vapora. Chingoenda hako.

189 Panga paine madzimai maviri. Mumwe wacho anga ati kurei kwazvo, saka nda—ndanetseka kuti ndepapi pacho. Ndatarisa kuti ndione kuti ndepapi—ndepapi pavari. Ishe Mwari vanoziva zvinhu zvose, haVazivi here? Uye Anokwanisa kuita zvinhu zvose. Munozvitenda here? Ameni. HaAshamise here? NdinoMuda. Iye, ndiYe Upenyu hwangu. Ndiye zvose

zvandinazvo. Ndiye zvose zvandinoda. Chingoendai mberi, Akupodzai, changamire.

190 Chizoro chatevera mudzimai uyo. Pane mumwe mudzimai agere apo ari kunetswa nekuhuta-huta, uye ane bundu pasi peruwoko rwake. Ndizvo here? Zvino paaisa mawoko ake pauri zvino, wanzwa mamwe manzwiro asinganzwisisike. Zvanga zvisiri izvo here? Ndipo paAkupodza. Uchaita zvakanaka. Jesu Kristu. Tarira pane mudzimai. Mudzimai anga ari kunamata, kana pano, onai. Macherechedza here paanga ari kunamata, ndanga ndiri kumunamatira, chii chaitika? Maona? Ndaona mumwe mudzimai, zvino ndokutarisa necheuko. Paita manzwiro makuru. Vanofanira kunge vachizivana, zvimwewo, kana kuti vanozivana, nokuti mudzimai uyo anga achinzwira mudzimai uyu ari pano. Zvino mudzimai uyu aenda zasi ndokunomubata, uye, paazviita, ndatarisa ndikaona chimwe chinhu necheuko, zvino heunoi uyo ndipo paanga akamira chaipo. Handina kumboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu. Mwari vari Kudenga vanozviziva. O, ini zvangu! Sei muchizopokana?

191 Kana ukangotenda, Anokwanisa kubvisa tsika kubva pauri. Unozvitenda here? Unotenda here kuti Anokupodza? Chienda hako, zvino uchairega iye zvino uye hauzoputi mumwezve. Chienda hako, uye utende nemoyo wako wose. Iva nokutenda munaMwari. Usapokane.

192 Muri kutenda here? Tati tava nevatatu here? Ivai nokutenda munaMwari. Musapokane. Chingotendai. Munotenda here kuti pane chizoro chiri pano zvino? [Ungano inoti, "Hongu. Ameni."—Mupepeti.] Ameni. Musapokane. Tendai!

193 Ndave kuisa mawoko pauri, ndichitenda. Ungatenda pamwe chete neni here? [Murume anoti, "Hongu, changamire."—Mupepeti.] NemuZita raJesu Kristu, regai hama iyi ipodzwe. Ameni. Iva nokutenda zvino, usapokane. Mira zvishoma.

194 Pane chimwe chinhu chaitika kumashure uko muungano zvino handina kukwanisa kuchiona, ndekumashure-shure muno. Ndinofunga kuti chavanzwa kubva kwandiri iye zvino. Hechinoi ichi. Ndiri kuchiona mumumvuri. Mumwe murume, ari kurwara nekuhuta-huta. Ane mwanakomana ane tsviyo. Tenda nemoyo wako wese, changamire. Unotenda here? Ndizvo chaizvo. Zvakanaka, isa ruwoko rwako pamukomana iyeye ipapo zvino achaita zvakanaka. Ameni. Ishe ngavarumbidzwe.

195 Muri kutenda here? Dhiyabhorosi afunga kuti anokwanisa kuvanda kubva kwazviri, asi akundika. Munotenda here? Chinhu chiya chichiri kufamba pamwe panhu. O, ini zvangu, zvenyasha nehanyn'a! Hamheno pane mumwezve ari pano ane tsviyo. Hongu, heunoi ipo pano. Munotenda here? Ivai nekutenda. Munotenda here kuti Mwari vanokuzivai? Munogona kudzokera kuOhio, munopora, VaNelson T. Grant. Ndiro zita renyu. Kana mukatenda, zvinhu izvozvi zvichakusiyai uye

hazvizokunetsai zvakare. Handina kumboona murume uyu muhupenyu hwangu, hapana chandinoziva nezvake.

Haukwanise kuzvivanza zvino, Mweya Mutsvene ari pano!

196 Ngatingokotamisei misoro yedu tipe kurumbidza kunaMwari. Ishe Jesu, tinoKutendai. Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Nyasha dzeNyu hadzikundiki, Ishe, dzimwe chete nguva dzose. Ndinonamata kuti tsitsi nehunaku hweNyu hukuru zvizorore pavanhu. Makava nehanyn'a zvizere, Ishe, kuuya kuzoZvisimbisa pachenyu. Muri Mwari. Ndimi Mutsvene Uya mukuru, Mweya Mutsvene mukuru. Zvino dai vanhu ava vakatenda, Ishe, pavari kupfuura nepano, uye mumwe nomumwe wavo apodzwe. Apo chizoro cheNyu chiri pano, ndinozviradzika pamusoro pemahengechepfu aya. Ndinonamata, Ishe, kuti Muchatipa zvikumbiro izvi, Baba. Zviitei, Ishe, kwese pano nemuungano.

197 Uye dai munhu wese ari muHupo hwaMwari ava nehanyn'a zvokuti atende kuti Makava nehanyn'a zvokumuka muzuva rokupedzisira pakati pevanhu veNyu, uye nokuonesa! Hamukwanise kuvapodza, Ishe, haMukwanise kuita zvaMakaita kare. Makavapodza kare. Uye ichi ndicho chinhu choga chinogona kuitwa, kuvaita kuti vatende. Uye Mune hanyn'a zvakadaro, kunyange pane kusatenda kwakawanda kwatinodzedzereka nemakuri, Muchingori nehanyn'a zvakadaro kuZviratidza kuti muri mupenyu uye makamuka kubva kune vakafa, pakati pedu. Dai takandira zvido zvedu kwaMuri, uye munhu wese ari muHupo hwaMwari apodzwa, zvose munhu wemukati nemutumbi. NeMuzita raJesu Kristu. Ameni.

198 Zvakanaka, uyai mupfuure nekuno uku, itai kuti vanhu vauye nechekuno uku chaiko. Zvakanaka, Billy achivadana, chikamu nechikamu. Regai, zvino ngatichisataurei, chi—chizoro chiri pandiri, munoona. Ndiri kuda kuisa mawoko pamusoro pake Chichiri pano. Maona? Handikwanise kumira pakunzvera uku. Kana ndikadaro . . . Vangani vari pano vanoda kunamatirwa, simudza ruwoko rwako. Kuda zvikamu makumi manomwe kubva muzana. Maona? Iye zvino dzave ten minutes to one. Shumiro yerubhabhatidzo iri kutevera mushure meizvi. Handikwanise kuzviita, asi munokwanisa kutenda. Kana Aine hanyn'a dzokuzviratidza pachaKe, munofanira kuva nehanyn'a dzokutenda. Ndizvozvo here? Zvakanaka, regai ungano yose inamate. Zvino Billy kana Hama Neville, mumwe, achashandisa aya, achashandisa maikirofoni iyi. Ngatirambei takakotamisa misoro uye tinamate pavari kupfuura nepamutsara. Zvino, ndiri kuzonamatira mumwe nomumwe wenyu zvino, ndoisa mawoko pamusoro pako uye nokukumbira kuti wese akabatwa wamuinaye, nezvakaipa, achapfuura nepamuri opfuura nepasi penzvimbo ino yakazodzwa iye zvino, kana ndichifanira kuzvitaura saizvozvo. Chizoro chiri kumashure uko chakafanana nezvachiri kuno. Asi ndiri

kuzviitira kutenda kwenyu, kutaura zvakadaro. Munhu wese namata zvino.

199 NemuZita raJesu Kristu, itai kuti mukomana muduku uyu apodzwe. Ameni. Mwari, nemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu. Ndiri kuteerera murairo wenyu, Ishe. Makati, "Zviratidzo izvi zvichatevera vatendi." Vatendi, tose tiri vaviri. "Kana vakaisa mawoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora." NemuZita raJesu, ndaita chinhu ichi. NemuZita raJesu Kristu, ndinoisa mawoko pane hama iyi. Ameni. NemuZita raJesu Kristu, ndinoisa mawoko pane hama yedu, kuti vapodzwe. Ameni.

200 Ane hanyn'a nemi, hanzvadzi. Ndine hanyn'a dzekuisa mawoko. Mune hanyn'a here dzekutenda? Ameni. NemuZita raJesu Kristu, ngazviitike kuti hanzvadzi yedu igopodzwa.

201 NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hanzvadzi yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hanzvadzi yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hama yedu ipodzwe. NemuZita raJesu Kristu, itai kuti hanzvadzi yedu ipodzwe. NemuZita raJesu, podzai iyi hanzvadzi yangu, Ishe. NemuZita raJesu, podzai iyi hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu, podzai hama yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raIshe Jesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

Hama, Vane hanyn'a. Ko iwe? NemuZita raJesu, podzai!

202 Munhu wese ange achinamata zvino, munhu wese ngaanamate. Ava vanhu venyu vari kupfuura nepano.

203 NemuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu, podzai iyi hama yangu. Ameni. NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi hama yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi hanzvadzi yangu, Ishe. NemuZita raJesu, podzai iyi hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi hanzvadzi yangu, hama yangu. Podzai iyi hanzvadzi yangu. Podzai iyi hanzvadzi yangu, Ishe. Podzai iyi hanzvadzi yangu, ndanamata nemuZita raJesu. Podzai hanzvadzi yangu, Baba, nemuZita raJesu. Podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu.

204 Hanzvadzi, Ane hanyn'a. Ko imi? NemuZita raJesu, gamuchira kupora kwako. NemuZita raJesu, gamuchira kupora kwako, hanzvadzi. NemuZita raJesu, gamuchira kupora kwako. NemuZita raJesu Kristu, gamuchira kupora kwako. NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi hanzvadzi yangu. Podzai iyi hanzvadzi yangu, Baba, nemuZita raJesu. Podzai iyi hama yangu, nemuZita raJesu. Podzai hanzvadzi iyi, nemuZita raJesu. Podzai hanzvadzi yedu, nemuZita raJesu. Podzai hama yangu, Ishe, nemuZita raJesu Kristu. Podzai hanzvadzi yangu, Baba, nemuZita raJesu. Podzai iyi hama yangu, nemuZita raJesu. Podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu. Podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu. Podzai mukomana muduku, nemuZita raJesu. Podzai Hama Creech, Ishe, nemuZita raJesu. Podzai iyi hanzvadzi yedu, nemuZita raJesu. Podzai iyi hanzvadzi yedu, nemuZita raJesu Kristu. Vapodzei, Baba, vose vaviri, nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

205 Mwari vakuropafadzei, hama. Mwana wenyu here uyo? Mudzimai wenyu? Zvakanaka, ndanga ndisiri kuzviziva. Ishe vakuropafadzei, hama. Podzai iyi hama yangu, nemuZita raJesu. Podzai iyi hanzvadzi yangu, Baba, nemuZita raJesu. Podzai iyi hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu. Podzai iyi hama yangu, nemuZita raJesu. Podzai iyi hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu. Podzai iyi hama yangu, Ishe, nemuZita raJesu Kristu. Podzai iyi hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu. Podzai iyi hama yangu, nemuZita raJesu. Vapodzei, Baba, nemuZita raJesu.

206 Ndinopira munamato wangu wakatendeka, mumwe nemumwe. Iva nehanyn'a zvino. Jesu ane hanyn'a. Jesu akatumira Mharidzo. Jesu akatumira Mweya waKe. Jesu akatumira Shoko raKe. Jesu akatumira muranda waKe. Tose tine hanyn'a. Zvino ko iwe? Kana uine hanyn'a, zvitende, zvigamuchire nokuperera, zvichaitika.

NemuZita raJesu, podzai hama yangu.

NemuZita raJesu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu, podzai hama yangu.

207 Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hanzvadzi yangu. Zviitei, Baba.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

Ishe, nemuZita raJesu, podzai iyi, hama yangu.

208 O Mwari weKudenga, ivaiwo netsitsi dzekupodza; zviitei, Ishe. Dai nyama nesimba zvauya nemuZita raJesu Kristu.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hama yangu.

Mwari, hanzvadzi yedu iri mucheya, ndinonamata kuti Mumupodze mumuite kuti aite zvakanaka, Ishe, nemuZita raJesu.

209 Mwari, podzai hanzvadzi yedu pano, muchiito chake cherudo, batsirai mudzimai uyu, nemuZita raJesu.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

Mwari, podzai hama yangu, ndanamata, nemuZita raJesu Kristu.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai muchembere uyu.

NemuZita raJesu Kristu podzai mudzimai uyu.

NemuZita raJesu podzai . . .?. . .

NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu, podzai . . .?. . . Ishe.

NemuZita raJesu, podzai hama yangu.

NemuZita raJesu, podzai uyu, Ishe.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hama yangu, Ishe.

NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai . . .?. . .

Podzai hama yangu nemuZita raJesu Kristu.

Podzai hama mu . . .?. . . [Chibenga patepi—Mupepeti.]

210 Uya nokuperera kwese; pasawane chaunopokana; ingozvitenda. Munhu wese achinamata zvino. Ava vanhu vedu vari kupfuura nepano, vana vaMwari. Tendai.

Podzai hanzvadzi yedu duku, Baba, nemuZita raJesu.

211 Podzai shamwari yangu yakakosha, Ishe. Mwari, amirira kwenguva yakareba; dai ino ikava nguva yacho. Ameni.

NemuZita raJesu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu . . .?. . .

NemuZita raJesu, mupodzei, Baba.

MunaJesu . . .?. . .

NemuZita raJesu, mupodzei, Baba.

NemuZita raJesu, podzai iyi, hama yangu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

Podzai hanzvadzi yangu, Baba, nemuZita raJesu.

NemuZita raJesu, podzai hama yangu.

NemuZita raJesu, podzai iyi, hama yangu, Ishe.

NemuZita raJesu, podzai hanzvadzi yangu, Baba.

NemuZita raJesu . . .?. . .

Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yangu.

212 Mwari, nemuZita raJesu bvisai kuoma mutezo kubva kuhama yangu, Ishe, mumupodze, Baba.

Mwari, nemuZita raJesu, podzai iyi, hama yangu.

NemuZita raJesu, podzai uyu, tsano vangu, ndapota.

213 NemuZita raJesu, podzai iyi, hanzvadzi yangu, Ishe; Mwari mupodzei, nemuZita raJesu Kristu.

Podzai hanzvadzi yedu, Baba, nemuZita raJesu Kristu . . . ? . . .

214 O Mwari, zvino, hezvinoi izvi zvimwe zvikumbiro, itai kuti zvive saizvozvo, nemuZita raJesu.

215 Zvino, Ndiyo nzira yekuzvigamuchira nayo, hama. Zvino, nokuda kwaizvozvo Ishe vatozviita.

216 Munoona kana mwana uyu asina . . . ? . . . Zvino, anondiita kuti ndizive dambudziko rako. Handingozvitaura chete . . . ? . . . nemuZita raJesu Kristu . . .

217 O Mwari, hepanoi pamire . . . ? . . . amire pano akamiririra Edith. Tinofunga pamusoro pekanhu kaduku aka, Ishe. Anga ari pano kuti agosundwa nepano, iye zvino. Mukoma wake akamira panzvimbo yake, Ishe. Zviitei, O Mwari, ipai zvikumbiro izvi, kwaari, nemuZita raJesu.

218 Mwari, ivai nengoni pahama yedu muvapodze, Baba, nemuZita raJesu.

219 Mwari, nemuZita raJesu Kristu, batai uyu, hama yangu yakakosha mumupodze, Baba.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yedu.

NemuZita raJesu Kristu, Ishe, podzai hanzvadzi yangu.

Podzai hama yedu, Baba, nemuZita raJesu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hanzvadzi yedu.

O Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai iyi . . . ? . . .

Mwari, podzai mukomana muduku uyu, nemuZita raJesu Kristu.

NemuZita Jesu Kristu, podzai hama yedu, Ishe.

NemuZita raJesu, podzai wedu . . . ? . . .

O Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yedu.

NemuZita raJesu Kristu, podzai . . . ? . . .

Podzai hanzvadzi yedu . . . ? . . . nemuZita raJesu.

O Mwari, podzai iyi, hanzvadzi yedu, ndanamata, nemuZita raJesu.

Mwari, podzai hanzvadzi yedu, nokuti ndanamata nemuZita raJesu.

Mwari, mupodzeiwo; zviitei, Ishe, nemuZita raJesu.

220 Mwari, batai hama yedu; iShoko reNyu; Makazvivimbisa, Ishe, zvino tiri kuuya tichizvitenda, nemuZita raJesu.

221 NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yedu, Ishe; auya nokuperera, achitenda zvino; dai aenda anopora.

NemuZita raJesu dai aenda anopodzwa, Ishe.

222 Mwari, isai mawoko eNyu anopodza pamusoro . . .?. . . dai vakadzokera kumba kwake nechikumbiro chake. O Mwari, gamuchidzai kupora, Ishe.

Podzai hanzvadzi yedu, Baba, nemuZita raJesu.

Podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu.

Mwari woKundenga, podzai hama yangu, nemuZita raJesu Kristu.

Nehanzvadzi yangu, nemuZita raIshe Jesu.

Podzai uyu . . .?. . . nemuZita raJesu.

Podzai iyi, hanzvadzi yangu Daulton, nemuZita raJesu.

Podzai hanzvadzi yangu, Baba, nemuZita raJesu.

Podzai hama yangu, Ishe, nemuZita raJesu.

223 Zvino, Ane hanyn'a; munodaro nemiwo, hama. Endai muMupe kurumbidzwa nokuMutenda, nemuZita raJesu Kristu . . .?. . . Zviitei, Ishe, mitoro yavo yanga yakawanda; irerutsei zvino, Baba, nemuZita raJesu Kristu, podzai hama yedu.

224 Dai matumira tsitsi pamudzimai . . .?. . .

225 Mwari, ipai kupodzwa kwehanzvadzi yangu, pano. Ndiri kumuona akamira pamukova, akamirira, Mweya Mutsvene wakamupoteredza. Mwari, dai aenda achiKutendai. Zviitei, Baba.

NemuZita raJesu, dai aenda asunungurwa, Baba.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu . . .?. . .

NemuZita raJesu, ndinonamata kuti Mupodze hanzvadzi yangu.

NemuZita raJesu, podzai iyi, hanzvadzi yangu.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai hama yangu.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu . . .?. . .

Mwari, podzai hama yangu, nemuZita raJesu Kristu.

Mwari . . .?. . . uyai nepano . . .?. . . simba richamupodza.

226 O Mwari, podzai . . .?. . . uye mugomuratidza . . .?. . . nzvimbo pano. Itai kuti ridzike pasi, Ishe, uye dai anzwa simba raMwari, nemuZita raJesu . . .?. . .

Mwari, podzai hama yedu, Ishe, uye dai akava neutano.

NemuZita raJesu Kristu, podzai hanzvadzi yedu, Mwari.

227 Mwari, podzai . . . ?. . . akaKuonai muchiita zvakawanda. Chiitai zvino kuti vose vago . . . ?. . .

Podzai . . . ?. . . Ishe, ndinonamatira tsitsi, Ishe Jesu vanodikanwa.

228 Mwari, podzai uyu . . . ?. . . mupodzei . . . ?. . . Ishe, akava nekusuwa kwakawanda uye tinogoverana naye. Zvino, dai iye . . . ?. . .

NemuZita raJesu, podzai iyi, hanzvadzi yangu, Ishe.

Podzai hama yangu, nemuZita . . . ?. . .

Mwari, podzai iyi hama yangu, nokumuita kuti anzwe zvakanaka . . . ?. . .

Podzai hanzvadzi yedu, Ishe, nemunaJesu Kristu . . . ?. . .

Podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu.

Podzai hama yangu duku, nemuZita raJesu Kristu.

Mwari, podzai iyi, hama yangu, nemuZita raJesu Kristu.

Mwari, nemuZita raJesu Kristu, podzai iyi, hama yangu.

Mwari, podzai hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu, dai apora.

229 Mwari, podzai iyi, hama yangu, dai iye, nemuZita raJesu Kristu ange . . . ?. . .

O Mwari, podzai hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu.

230 Podzai hanzvadzi yangu pano, Ishe, nemuZita raJesu Kristu, dai akaenda akano . . . ?. . .

231 Mwari, mupei chikumbiro chake, nemuZita raJesu Kristu, ndinonamata kuti Mupe chikumbiro ichi.

232 Mwari, Hanzvadzi Simmon, itai kuti nyasha netsitsi dzaMwari, dai sezvo vamirira nguva ino, nguva yavanogona kuchikandira pasi . . . ?. . . Uye dai vapora . . . ?. . .

233 Mwari, Hama Ungren . . . ?. . . Mwari, vane inzwi rakaisvonakisa, vachiridza hwamanda yeEvhangeri. Vachengetei vaine utano, Mwari; zviitei, nemuZita raJesu.

234 Mwari, Hanzvadzi Kidd yedu vari kudana paZita riya . . . ?. . . Ndinonamata kuti simba reNyu rivasunungure iye zvino . . . ?. . . nokuperera amai vaduku ava . . . ?. . . pamazuva manomwe vanofanira kunge vari pamwe naamai vavo. Zviitei, Baba, nemuZita raJesu Kristu.

235 Mwari, kuvana vavo, O Mwari, vari kutetereka, uye vakawanda vavo vari kurwara, uye musikana uya ari kurwara, uye . . . ?. . . O Mwari, ndinonamata kuti muchazviita, kubudikidza neZita raJesu Kristu.

236 Ndinotenda zvikuru nokuda kweHama Tom, Ishe, ndinonamata kuti mugovapodza nekuvabatsira. Ngarirumbidzwe Zita . . . ?. . .

237 Pane murume zasi kuno . . . ? . . . Unoda kunamatirwawo zvakare, hama? Ishe Jesu . . .

[Chibenga patepi—Mupepeti.]

Ane hanyn'a newe,
Ane hanyn'a newe;
Nemumushana kana mumumvuri,
Ane hanyn'a newe.

Ane hanyn'a newe,

Chingokandira zvishuwo zvako paAri, zvakadaro.

Ane hanyn'a newe;
Nemumushana kana mumumvuri,
Ane hanyn'a newe.

238 Une hanyn'a naYe here? Une hanyn'a neShoko raKe here? Ameni. Ishe vakuropafadzei. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana. Ndinotenda kuti ndapindura zvikumbiro izvi. Ndapindura zvikumbiro, handina here, mumwe nomumwe wenyu.

239 Nguva shoma yapfuura ndakanganisa zvishoma mumusangano, ndine chokwadi chokuti mumwe munhu azvicherechedza. Zvino Ishe vangondinongedzera zvino pamwewo panzvimbo. Ndataura chimwe chinhu pane mumwe munhu ndichirevera mumwewo munhu. Handi—handisi kuona munhu wacho pazvanga zviri, asi anga ari mumwe munhu wandaisa ropafadzo paari remumwe munhu. Zvino ini . . . Vanga vari kuuya nokukurumidza kwazvo, zvino ndanga ndisiri kucherechedza. Uye handina . . . Hongu, ndizvozvo, ndazviona zvino. Ndeuyu murume nemudzimai vakagara chaipo pano. Kana ndisiri kukanganisa, ndakavagwinha chishanu nezuro manheru mu—mu—mukamuri yemumotera, kana zvimwewo zvakadaro, muruvanze rwemotera, kumusoro kuno uku paJeffersonVilla. Ndataura chimwe chinhu kumurume, ndadana kuti "hanzvadzi" panzvimbo yekuti "hama," pamapfuura nepano. Mazvicherechedza here? Ndanga ndichizvirevera kumudzimai wenyu. Zvino, anga aine dambudziko kwechinguva, dambudziko rematumbu kwenguva yakareba. Munobva kuIllinois. Mai Mongaland, ndizvo chaizvo, ndiro zita renyu. Zvino, munoziva kuti ndanga ndisingakuzivei, asi makanyatsobatana zvino. Munotenda nemoyo wenyu wose, uye pachava nekuzvibatsira kuchimbuzi kwakakwana sekunotarisirwa sezvazvakagara zviri, kana mukatenda. Kuitira kuti muzvione kuti nguva dzose, zvino ini . . .

240 Chinhu choga chandinoziva, manheru apfuura ndinorangarira ndichifunga kuti murume uyu, ndakafunga kuti aiva nevhudzi rakaisvonaka kwazvo, achiripetura nepakati, murume uyu achena vhudzi akagara pano. Zvangoitika kuti ndangotarisa, zvino hecho Chiedza chiya chakanga chichivheneka chichipoteredza nepamusoro pavo saizvozvi.

Zvino ndizvo zvazvanga zviri. Zvino ndaona chiratidzo chichiuya. Handizive kuti ndivanaani kana chero chinhu pamusoro pazvo. Mudzimai akanga ari kunze uko manheru apfuura, ndikati, "Muri kuuya here kumusangano?" Mudzimai ndokuti, "Hongu." Asi nyasha dzaMwari dzazvidzosazve zvakare, zvino ndivo vanhu vacho. Mazvicherechedza here mumutsara wekunamatirwa, hama, kuti pane chataurwa chapesaniswa? Changa chiri chehanzvadzi panzvimbo yenyu. Izvozvo, zvanga zviri izvo, zvaenda ku—kuhanzvadzi uko.

241 Zvino kuitira kuti muzive kuti, kubudikidza nemutsara uya wekunamatirwa, uya Mutumwa waJehovha anga aripo. Aigona kudana. Asi paunodana, zvinopedza simba, wopera simba, wopera simba. Maona? Saka Ane hanyn'a newe, uye ini—ini ndine hanyn'a newe. Ndaigona kunge ndaenderera mberi nevamwezve vana kana vashanu, uye zvadaro, chokutanga munoziva, Billy angadai auya pano kuzondibvisa papurupiti. Asi ndafunga kuti kana, zvirokwazvo, nda—ndagara nemi pano kwemakore ose aya, uye nokupoteredza nekupfuura nemunyika, mu—munoziva kuti ndinokudai. O, ndinokudai sokunge muri vana vangu chaivo, uye muri vana vangu muEvhangeri. Ndakakuberekerai kunaKristu, nemuEvhangeri. Uye zvino ndinofunga izvi, chikumbiro ichi nezvimwe zvose pano, ndazvipindura.

242 Zvino, ndinokudai. Uye ndafunga, kana ndikaenda ndoisa mawoko pamuri, uye moona kuti Mweya Mutsvene wanga uri kuzviita, zvino poita kukanganisa mumusangano mumutsara saizvozvo. Ndazvipotsa, ndichienda nokukasika, ndokuisa rimwe ropafadzo kune mumwe, uye zvino Mweya Mutsvene ndokutendeuka mushure mokunge musangano wapera ndokuzviratidza zvakare. Maona? Hamuone here, Ane hanyn'a! Zvino mune hanyn'a here? Mune hanyn'a here zvokutaura kuti, "Kubva panguva ino, pane chimwe chinhu mumoyo mangu chiri kunditaurira kuti matambudziko angu apera. Nda—ndapora, ndichapora"? Unozvitenda here? Simudza mawoko ako, "NdinoZvitenda!" Mwari vakuropafadzei.

Nemumushana kana mumumvuri,
Ane hanyn'a newe.

243 Ano anongori mabiko makuru erudo. Ngatichiimbei uye tibatane chishanu mumwe nomumwe.

Ane hanyn'a newe,
Ane hanyn'a newe;
Nemumushana kana mumumvuri,
Ane hanyn'a newe.

244 Ndakuchengetai kwenguva yakareba kwazvo mangwanani ano kusvikira ini—ini. . . Mufundisi wangu haaparidze zvakareba sezvandinoita. Vachaedza kukuunzirai mharidzo nhasi manheru, uye tichakuzivisai kana pachava neshumiro

musi weSvondo inotevera pasi pe. . . musoro wemharidzo uya. Kana ndikasadaro, pachava neshumiro zvakangodaro. Saka imi mose, Ishe vakuropafadzei, mose. Ndinofunga kuti pane shumiro yekubhabhatidza iri kuuya iko zvino.

245 Saka kana mukangomira kwechinguvana, kuti tiparadzaniswe. Ngatirwuimbei zvakare. "Kandira zvishuwo zvako paAri, nokuti Ane hanyn'a newe." Uye zvino kana uine hanyn'a naYe, ngatitii, "Ishe, ini. . . " Paunozviita, uri—uri kuita chitaurwa ichi, "Ishe, ndinoziva kuti Mune hanyn'a neni. Uye ndiri kusimudza mawoko angu, ndine hanyn'a neMi." Zvino ngatisimudzei mawoko edu mudenga zvino mumutambo uno werudo wekudanana, tichiimba.

Ane hanyn'a newe,
Ane hanyn'a newe;
Nemumushana kana mumumvuri,
Ane hanyn'a newe.

246 Iye zvino tichikotamisa misoro yedu, iti. . . [Hama Branham vanoimba mahon'era *Ane Hanyn'a Newe*—Mupepeti.] O, kutapira kwaIshe wangu! Hausi here kunzwa rudo rwaKe rwuri kukudhonzera chaipo pedyo naYe? Iti, "Zvino, Ishe, ndinoKudai. NdinoKudai. Mune hanyn'a neni, Ishe. Makava nehanyn'a kusvikira pandaiva mutadzi Makandifira. Makakuvadzwa nokuda kwekudarika kwangu, nemavanga eNyu ndakapodzwa."

Ane hanyn'a newe,
Ane hanyn'a newe;
Nemumushana kana mumumvuri,
Ane hanyn'a newe.

247 Chingozvirangarirai zvino pamuri kukotamisa misoro yenyu. Ndinoda kukumbira Hama Edwards vari kuno uku kuti vatiparadzanise neshoko remunamato. Asi, kutanga, ngatirwuimbei zvakare nemahon'era. [Hama Branham vanotanga kuimba nemahon'era *Ane Hanyn'a Newe*—Mupepeti.] Rangarirai, mushana kana mumvuri, Anoramba aine hanyn'a. Akava nehanyn'a. Ko iwe une hanyn'a here? Iti, "Hongu, Ishe, ndinovimbisa ndine hanyn'a. Ndiri kuenda mberi iye zvino. Kubva zvino zvichienda mberi, ndine hanyn'a. Ndine hanyn'a nechapupu changu." [Hama Branham vanoenderera mberi kuimba nemahon'era *Ane Hanyn'a Newe*.] "Ane hanyn'a newe." Hama Edwards.

Iye Ane Hanyn'a. Iwe Une Hanyn'a Here? SHO63-0721
(He Cares. Do You Care?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 21 Chikunguru, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org